**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ

**Қол жазба ҳуқықында**

**Бекниязов Полат Сапарбаевич**

# ИНСАН ҲУҚЫҚ ҲӘМ ЕРКИНЛИКЛЕРИН ТӘМИЙИНЛЕЎДЕ ӘДИЛЛИК УЙЫМЛАРЫНЫҢ ТУТҚАН ОРНЫ

5А240101 - мәмлекетлик ҳуқық ҳәм басқарыў (конституциялық ҳуқық; ҳәкимшилик ҳәм финанс ҳуқықы; мәмлекет ҳәм ҳуқық тәлийматы)

**Магистр академиялық дәрежесин алыў ушын жазылған**

**ДИССЕРТАЦИЯ**

МАК да жақлаўға рухсат

Магистратура бөлими баслығы

________доц. А.Б.Гулимов

**Илимий басшы** **ю.и.д. проф. Е.Д.Қутыбаева**

**Кафедра баслығы** **ю.и.к. доц. З.А.Реймова**

**НӨКИС-2013**

**Мазмуны**

**Кирисиў**........................................................................................

**I Бап . Инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў бойынша Өзбекстан Республикасының сиясаты**

1.1. Инсан ҳуқық ҳам еркинликлерин тәмийинлеў – мәмлекет сиясатының баслы бағдары сыпатында………………………

1.2. Өзбекстан Республикасы Конституциясы - инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўши тийкарғы сиясий- ҳуқықый ҳүжжет...

**I бап бойынша жуўмақлаў**

**II Бап. Әдиллик уйымларының инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў системасындағы орны**

2.1. Әдиллик уйымларының инсан ҳуқықларын тәмийинлеў барысындағы тийкарғы ўазыйпалары……………………………………

2.2. Инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў системасында әдиллик уйымлары менен басқа уйымлардын өз-ара қатнасықлары

**II бап бойынша жуўмақлаў**

**III Бап. Әдиллик уйымларының инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўге байланыслы хызметлерин жетилистириў машқалалары**

3.1. Әдиллик уйымларының инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў барысындағы хызметиниң ҳуқықый тийкарларын жетилистириў мәселелери...............................................................

3.2. Әдиллик уйымларының инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўге байланыслы хызметлерин жетилистириўдиң баслы бағдарлары.........................................................................................

**III бап бойынша жуўмақлаў**

**Жуўмақлаў** ........................................................................................

**Пайдаланған әдебиятлар дизими**..............................................

## КИРИСИЎ

**Теманың актуаллығы**. Өзбекстан Республикасы ғәрессизликке ерискеннен соң инсан ҳуқық ҳәм еркинликлери жоқары қәдирият сыпатында беккемленип ҳәм усы арнаўлы принцип тийкарында жәмийетимиз турмысында ҳуқық үстинлигин тәмийинлеў ҳәмде ҳуқықый демократиялық мәмлекет қурыў мақсети белгилеп алынды. Сондай-ақ мәмлекетимизде әмелге асырылып атырған демократиялық реформалардың нәтийжеси ҳәм жемиси көп тәреплеме инсан ҳуқық ҳәм еркинликлериниң тәмийинленгенлик дәрежесине байланыслы.

Бул ҳаққында Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов атап өткениндей, "Усы орында мәмлекет қурылысы ҳәм оның раўажланыўы, жәмийетимиздиң демократиялық жаңаланыўы, экономикамызды раўажландырыў ҳәм еркинлестириў, руўхый-ағартыўшылық ислер менен байланыслы болған, қысқаша айтқанда алдымызда турған барлық машқала ҳәм ўазыйпаларды шешиўде “реформа реформа ушын емес, ең дәслеп инсан ушын, инсан мәплерин тәмийинлеў ушын” деген терең мәнили пикирин ҳеш қашан умытпаўымыз керек[1].

Президентимиздиң мәмлекет ҳәм жәмийет қурылысы тараўындағы жоқарыдағы концептуал сиясий идеяларын әмелге асырыў ушын ең дәслеп, нызамшылық пенен әмелият арасындағы өз-ара байланыслылыққа ерисиў талап етиледи. Яғный, бир тәрептен нызамшылықты избе-из әмелге асырылыўын тәмийинлеў, екинши тәрептен болса нызамшылықты әмелде қолланылыў процессинде алынып атырған нәтийжелерди гөзленген мақсетлерге маслық дәрежесин анықлаған ҳалда оны жәнеде жетилистириў жүзесинен пикир ҳәм усыныслар ислеп шығыў зәрүрий ҳалға айланыўы лазым.

Сонлықтан, бүгинги күнде инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўде бар болған жәмийетлик өзгешеликлерди инабатқа алған

---

[1] Каримов И,А. Инсон, унинг ҳукук ва эркинликлари - олий кадрият. Т. 14. -Т.: Ўзбекистон, 2006. -Б.63

ҳалда тек ғана арнаўлы ҳуқықый кепилликлерди жаратыў менен шекленбестен, бәлким бул барада жүзеге келип атырған машқалалардың алдын алыў ҳәм сапластырыў жүзесинен әмелий шаралар көриў талап етилмекте. Ҳақыйқаттанда, ҳуқықый демократиялық мәмлекетти қурыў процессинде инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўдиң нәтийжели механизмлерин жолға қойыў ҳәм бунда ҳуқық қорғаў уйымларының, атап айтқанда, әдиллик уйымларының ролин арттырыў менен байланыслы мәселелер бүгинги күнде әҳмийетли ҳәм актуал ўазыйпа болып қалмақта.

Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов әдиллик уйымларының бул барадағы жуўапкершилиги ҳаққында тоқталып өтер екен, солардан төмендегилерге итибар қаратады: "көпшилик жағдайларда фермерлер лаўазымлы шахслардың бюрократиялық тосқынлықларына ҳәм дәмегөйлик ҳалатларына дус келмекте. Әдиллик министрлиги бул мәселени айрықша бақлаў астына алыўы ҳәм айыпкер шахсларға қарата қатаң шаралар көриўи лазым. "[1].

Әдиллик уйымларының усы ўазыйпалардың шешимин тәмийинлеўге қаратылған хызметлери тек ғана олардың тийкарғы ўазыйпаларын емес, бәлким арнаўлы ўазыйпаларды да орынлаў лазымлығыда көринеди. Бул жерде тийкарғы ўазыйпа-ҳуқық дөретиўшилиги ҳәм ҳуқықты қоллаў әмелияты тараўында жеке мәмлекетлик сиясатының әмелге асырылыўын тәмийинлеў болса, арнаўлы ўазыйпа-инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тиккелей қорғаў әмелиятына кирип барыўдан ибарат. Соның менен бирге, әдиллик уйымлары бул барадағы өз хызметлерин әмелге асырыўда ҳуқық қорғаў уйымларының хызметлерин тәкирарламастан, өз-ара қатнасықларды жолға қойыў механизмлерин ислеп шығыўы лазым.

**Изертлеўдиң мақсети ҳәм ўазыйпалары**. Өзбекстан Республикасында әдиллик уйымларының инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўге байланыслы хызметлерин Конституциялық ҳуқық пәни көз-

[1] Каримов И.А. Тинчлик ва хавфсизлигимиз ўз куч-кудратимизга, ҳамжиҳатлигимиз ва катъий иродамизга боглиқ. Т. 12. -Тошкент: Ўзбекистон, 2004. - Б.210

қарасынан изертлеў ҳәм де оларды бул бағдардағы хызметлерин жетилистириў ҳаққында усыныслар ислеп шығыўдан ибарат.

Магистрлик диссертацияның баян етилген мақсетине сай дәрежеде оның төмендеги **ўазыйпалары** белгиленген;

-мәмлекетимизде инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў мәмлекет сиясатының баслы бағдары екенлигин көрсетип бериў;

-әдиллик уйымларының инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў тараўындағы функция, ўазыйпа ҳәм ўәкилликлерин анализ қылыў ҳәмде оларды әмелге асырыўдың форма ҳәм методларын анықлаў;

- әдиллик уйымларының инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўдеги хызметин тәртипке салыўшы норматив-ҳуқықый ҳүжжетлерди анализлеў ҳәм оларды жетилистириў жүзесинен тийисли усыныслар ислеп шығыў ҳәм басқалар.

**Изертлеўдиң объекти ҳәм предмети**. Изертлеўдиң объектин төмендегилер қурайды: 1) инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў барысында әдиллик уйымлары менен басқа жәмийетлик субъектлер ортасындағы қатнасықлар; 2) әдиллик уйымлары инсан ҳуқықлары ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў механизминдеги роли менен байланыслы мәселелер жүзесинен юридикалық пәнде бар болған илимий-концептуал жантасыў, идеялар, принциплер ҳәм категориялар; 3) әдиллик уйымларының инсан ҳуқықлары ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўге байланыслы хызметлерин тәртипке салыўшы нызамшылық ҳүжжетлери; 4) әдиллик уйымларының инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў барысындағы хызмети объекти болса, ал предмети әдиллик уйымларының инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўдеги орны менен байланыслы актуал ҳуқықый машқалалар есапланады.

**Изертлеўдиң методлары**. Изертлеўди әмелге асырыўда системалылық, машқалалы-мақсетли, салыстырмалы-ҳуқықый, әмелият нәтийжелерин улыўмаластырып, формал-юридикалық, логикалық жантасыў ҳәм илимий билиўдиң басқа усылларынан пайдаланылды.

Изертлеўдиң теориялық тийкарларын Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримовтың ҳуқықый демократиялық мәмлекет қурыў ҳәм пуқаралық жәмийетин қәлиплестириў ҳәмде инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў процессинде әдиллик уйымларының орны ҳәм ролине тийисли пикирлери, көрсетпелери ҳәмде усы теманың ҳәр қыйлы тәреплери бойынша изленислер алып барып атырған мәмлекетимиз ҳәм сырт елли алымлардың мийнетлери қурайды.

**Машқаланың үйренилгенлик дәрежеси**. Изертлеў исиниң теориялық-методологиялық ҳәм концептуаллық тәреплери Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов мийнетлеринде ҳәр тәреплеме ҳәм системалы жарытып берилген. Оларда Өзбекстанда ҳуқықый демократиялық мәмлекет қурыў ҳәм пуқаралық жәмийетти қәлиплестириў процессинде әдиллик уйымларының орны ҳәм әҳмийети ҳәм де олар алдында турған актуал ўазыйпаларға тийисли концептуаллық идея ҳәм пикирлер бар.

Әдиллик уйымларының инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў барысындағы хызметин шөлкемлестириўдиң ҳуқықый тийкарлары Өзбекстан Республикасы Конституциясы ҳәм басқа бир қатар нызам ҳүжжетлеринде белгилеп берилген. Соның менен бирге, жәмийетлик сананың өзгерип барыўы ҳәмде инсан ҳуқықлары ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў барысындағы нәтийжели механизмлерин ислеп шығыў зәрүрлиги менен байланыслы машқалалар арнаўлы нызам ҳүжжетлерин үзликсиз анализ қылып, оларды жетилистирип барыўды талап етеди.

Инсан ҳуқықлары ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўде мәмлекетлик ҳәкимият органларның роли ҳәм орны менен байланыслы улыўма теориялық мәселелер А.А.Азизхўжаев, Х.Б.Бобоев, Ш.И.Жалилов, З.М.Исломов, Ҳ.Т.Одилқориев, Ф.Х.Рахимов, А.Х.Саидов, У.Таджиханов, А.Тўлаганов сыяқлы алымлардың илимий ислеринде белгили дәрежеде изертленген[1].

[1] Қараң: Азизхўжаев А.А. Давлатчилик ва маънавият. - Тошкент: Шарқ, 1997. - 112 б.; Бобоев Х.Б. ва

Инсан ҳуқықлары ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў менен байланыслы мәселелер жәмийетлик ҳәм ҳуқықый пәнлердиң түрли бағдарлары жүзесинен М.Э.Абдусаломов, Ғ.Ахмедов, Ф.Х.Отахонов, А.Х.Саттаров, С.Султонов, Д.Х.Узақова, М.А.Хамидова, О.Т.Хусанов, ҳәм басқалар тәрепинен алып барылған илмий изленислеринде белгили дәрежеде үйренилген[1].

Бирақ, соның менен бирге, мәмлекетимизде инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў барысында әдиллик уйымлары хызметлерин шөлкемлестириўдиң ҳуқықый тийкарлары, форма ҳәм методлары илимий көз-қарастан жетерли дәрежеде үйренилмегенлигин атап өтиў лазым.

**Изертлеў нәтийжелериниң әмелий әҳмийети ҳәм усынылыўы –** Инсан ҳуқықларын тәмийинлеўде әдиллик уйымларының хызметлерин жетилистириўден ибарат.

**Магистрлик диссертацияның дүзилиси ҳәм көлеми**. Диссертация кирисиў, алты параграфты өз ишине алған үш бап, жуўмақлаў ҳәм пайдаланылған әдебиятлар дизиминен ибарат.

**Жумыстың тийкарғы нәтийжелери.** Жәмийетлик сананың өзгерип барыўы ҳәмде инсан ҳуқықлары ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў

---

бошкалар. Инсон ҳуқуқлари: Олий ўқув юртлари учун ўқув қўлланма. -Тошкент: Ўзбекистон, 1997. - 206 б; Жалилов Ш.И. Кучли давлатдан - кучли жамият сари. -Тошкент, Ўзбекистон, 2001.- 160 б.; 3.54. Исломов З.М. Инсон ҳуқуқлари ва ҳозирги замон юриспруденцияси. - Т.: ТДЮИ, 2008. - 150 б.; Одилкориев Х.Т. Конституция ва фуқаролик жамияти. - Тошкент: Шарқ, 2002. - 320 б; Рахимов Ф.Х. Конституциявий ҳуқуқларни таъминлашда давлат органларининг маъсулияти. -Тошкент: Маънавият, 2001. - 128 б; Рахимов Ф.Х. Защита прав и свобод человека- основной принцип Конституции. - Ташкент: Адолат, 1994. - 64 с; Тожихонов У., Одилқориев Х., Саидов А. Ўзбекистон Республикасининг Конституциявий ҳуқуқи, - Ташкент: Шарқ, 2001. - 752 б; Тўлаганов А. Давлат ҳокимиятининг вакиллик ва ўзини ўзи бошқариш органлари фаолиятини ташкил этиш. -Ташкент: ТДЮИ, 2002. - 196 б;.

[1] Қараң: Абдусаломов М. Становление и развитие органов юстиции Узбекистана. - Ташкент: Адолат, 1996. -44 б;Аҳмедов Ғ., Сатторов А. Ўзбекистон: инсон ҳуқуқлари ва қонунлар. - Тошкент: Адолат, 1999. -168 б; Отахонов Ф.Х. Конституция ва адлия органларининг юридик хизматни ривожлантиришдаги роли. // Ўзбекистон Республикаси Конституцияси фуқаролик жамияти ва ҳуқуқий давлатни шакллантиришнинг асоси. Илмий-амалий анжуман материаллари. - Тошкент: ТДЮИ, 2003; Матрасулов Д.Р. Правовыеосновы организации управления органами юстиции в Республики Узбекистан: Автореф .... канд. юрид. наук. - Тошкент, 2002. - 20 б. Саидов А., Султонов С. Ўзбекистон Республикаси Конституцияси ва инсон ҳуқуқлари. - Тошкент: Адолат, 1998. -178 б.; Узакова Д.Х. Проблемы обеспечения прав человека в Республике Узбекистам. Автореф. дис. ... канд.полит.наук. -Ташкент: АГОС, 2000. - 25 с.; Хамидова М.А. Гарантии прав и свобод человека в Республике Узбекистан (проблемы теории и практики).: Автореф. дис.....канд. юрид. наук. - Ташкент, 2000.-21 с; Хусанов О.Т. Фуқаролик жамиятини шакллантиришда Адлия органларининг иштироки (Конституциявий ҳуқуқ ва эркинликларни таъминлаш). // Ўзбекистонда фуқаролик жамиятини шакллантириш: муаммолар ва ечимлар. Илмий-амалий анжуман материаллари. - Тошкент: ТДЮИ, 2004. -Б. 36-41.

барысындағы нәтийжели механизмлерин ислеп шығыў оларды жетилистирип барыўды талап етеди.

**Жуўмақ ҳәм усынысларлардың улыўмаластырылған сыпатламасы.** Жуўмақлап айтқанда әдиллик уйымларының инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаў барысындағы хызметлерин жетилистириў машқалаларын анализ қылыў ҳәм оларды тийисли бағдарлар тийкарында шешиў, өз нәўбетинде мәмлекетимизде әмелге асырылып атырған демократиялық реформалардың сыпат ҳәм нәтийжесин арттырыўда әҳмийетли фактор болып хызмет қылады.

## I Бап. Инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў бойынша Өзбекстан Республикасының сиясаты

### 1.1. Инсан ҳуқық ҳам еркинликлерин тәмийинлеў – мәмлекет сиясатының баслы бағдары сыпатында

Инсан ҳуқықларын қорғаў ғәрезсизлигимиз таянышы болған Конституцияның тийкарғы принципи, Өзбекстан Республикасы социаллық-сиясий системасын түптен реформалаўдың тийкарғы бағдары ҳәм жуўмақлаўшы мақсети есапланады. Ҳуқықтаныўшы алым А.Х.Саидовтың пикиринше, журтымызда инсан ҳуқықларын, еркинликлерин ҳәм нызамлы мәплерин тәмийинлеў бойынша алып барылып атырған избе-из ҳәм системалы сиясаттың тийкарғы бағдарлары төмендегилерден ибарат;

бириншиден, инсан ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм нызамлы мәплерин қорғаў ҳәм тәмийинлеўдиң ҳуқықый тийкарларын қәлиплестириў ҳәм жетилистириў;

екиншиден, инсан ҳуқықлары қорғалыўының турақлы ҳәм комплексли мониторингин алып барыў;

үшиншиден, пуқаралардың социаллық, сиясий ҳәм ҳуқықый белсендилигин арттырыўға қаратылған кең көлемли илажларды әмелге асырыў, мәмлекетлик емес, коммерциялық емес шөлкемлер ҳәм басқа пуқаралық жәмийети институтларының мәмлекеттиң социаллық-сиясий турмысында актив қатнасыўына көмеклесиў;

төртиншиден, инсан ҳуқықлары тараўында үзликсиз билимлендириў системасын жаратыў ҳәм әмелге асырыў;

бесиншиден, инсан ҳуқықлары бойынша миллий мәплеримизге сай белсенди халық аралық бирге ислесиўди алып барыў[1].

Өз орнында инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў барысындағы мәмлекет сиясатының баслы бағдарлары тийкарғы үш формадағы сиясий-ҳуқықый ҳүжжетлерде сәўлеленеди: биринписи халық

[1]Саидов А.Х. Истиқлолнинг буюк тухфаси. //HUQUQ va BURCH.- Тошкент, 2010. -№8.- Б.2-3

аралық норматив ҳүжжетлер, екиншиси нызам ҳәм басқа норматив-ҳуқықый ҳүжжетлер, үшиншиси Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримовтың баянатлары ҳәм мийнетлеринде алға сүрген идеялары ҳәм принциплеринде.

Өз нәўбетинде, усы ҳуқықый тийкар ҳәм принциплер ажыралмас жеке системаны қурайды. Усы системаның өзгешелиги сонда, олар жоқарыдан төменге шекем бир-бирине сай келиўи ҳәм бир-биринен келип шығыўы лазым. Сонлықтан, инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў барысындағы мәмлекет сиясатын қәлиплестириўде басланғыш сиясий көрсетпелер халық аралық ҳуқықый ҳүжжетлердеги принциплерден келип шығады. Соның ушын, оларға сай ҳалда тийкарғы конституциялық принциплер ҳәм қағыйдалар қәлиплесиўи лазым.

Усы орында, халық аралық-ҳуқықый ҳүжжетлер қатарында төмендегилерди келтирип өтиў мүмкин:

- Инсан ҳуқықлары улыўма жәҳән декларациясы (1948 жыл). Оның биринши статьясында белгилениўинше: "Ҳәмме адамлар өз қәдир-қымбаты ҳуқықлары да еркин ҳәм тең болып туўылады. Оларға ақыл ҳәм ҳүждан инәм етилген ҳәм олар бир-бири менен адамгершилик руўҳында қатнасықта болыўлары керек"[1]. Усы ҳүжжетте сондай-ақ, жасаў, еркинлик ҳәм жеке қол-қатылмаслық, басқа жеке ҳуқық ҳәм еркинликлер, инсан жәмийеттиң ағзасы сыпатында даўа қылыўға ҳақылы болған экономикалық, социаллық ҳәм мәдений ҳуқықлары жәрияланған. Соның менен бирге, усы ҳүжжеттиң нормалары декларатив характерге ийе, оның өзи болса бул нормаларды тәмийинлеў механизмине ийе емес. Лекин, усы декларацияға бүгинги күнде барлық мәмлекетлерде инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўдиң әҳмийетли дереги сыпатында қаралмақта.

Инсан ҳуқықларының халық аралық көринислерин белгилеп бериўши нәўбеттеги ҳүжжетлер болып, "Экономикалық, социаллық ҳәм

[1] Қараң: Инсон ҳуқуқлари умумжахон Декларацияси. - Тошкент: Адолат, 1998. - Б. 3

мəдений ҳуқықлары"ғы[1] ҳəм "Пуқаралық ҳəм сиясий ҳуқықлар ҳаққында"ғы халық аралық Пактлер[2] (1966 жыл) есапланады. Усы ҳүжжетлерге Өзбекстан Республикасы 1995 жыл 31 августте қосылған[3]. Бул сыяқлы ҳүжжетлер инсан ҳəм пуқара ҳуқықларының халық аралық комплексин қурайды, қатнасыўшы мəмлекетлер болса, солар қатарында Өзбекстан да, усы ҳүжжетлерде көзде тутылған ҳуқық ҳəм еркинликлерин тəмийинлеў жүзесинен белгили бир илажларды əмелге асырыў миннетлемесин өз мойнына алған.

Инсан ҳəм пуқараның ҳуқық ҳəм еркинликлери тəмийинлениўиниң əҳмийетли қуралларынан бири болып, Европада Қəўипсизлик ҳəм бирге ислесиў шөлкеми есапланады. Онда қатнасыўшы мəмлекетлерди усы шөлкем тəрепинен қабыл қылынған ҳүжжетлерде белгилеген инсан ҳуқық ҳəм еркинликлерин ҳүрмет етиў ҳəм оларға бойсыныў мəжбүриятлары беккемленген.

Атап өтетуғын болсақ, мəмлекетимизде басқышпа-басқыш демократияға қарай принципи тийкарында реформалар алып барылмақта ҳəм тийисли шəрт-шəраятлар сəўлеленген халық аралық ҳуқықый ҳүжжетлердиң нормалары миллий нызамшылығымыз бенен уйғынластырылып келинбекте. Соның менен бирге, жоқарыда келтирилген халық аралық ҳуқықый ҳүжжетлер Өзбекстан Республикасы Конституциясының инсан ҳəм пуқара ҳуқық ҳəм еркинликлерин тəмийинлеўге қаратылған тийкарғы принциплериниң сиясий ҳəм ҳуқықый базасы болып хызмет қылып атырғанлығын айтыўымыз лазым. Усы мəселе жүзесинен Өзбекстан Республикасының Президенти И.А.Каримов атап өткениндей, "Нызамшылық механизмин ҳəм қабыл қылынған нызам нормалары орынланыўының бақлаўын жəнеде жетилистириў, республика нызамларын улыўма тəн алынған халық аралық норма ҳəм қағыйдаларға

---

[1] Қараң: "Инсон ҳуқуқлари тўғрисида"ги Халқаро Билль. -Тошкент, 1992.
[2] Қараң: "Инсон ҳуқуқлари тўғрисида"ги Халқаро Билль. - Тошкент, 1992.
[3] Қараң: Ўзбекистоннинг янги қонунлари. - Тошкент; Адолат, 1996. -№11. - Б. 188

муўапық ҳалға келтириў әҳмийетли ўазыйпа есапланады"[1].

Ҳәзирги күнде инсан ҳуқықларына байланыслы миллий нызамшылығымыздың өзине тән өзгешеликлери сыпатында төмендегилерди көрсетип өтиў мүмкин:

-инсан ҳуқықларын толық әмелге асырыўдың ҳуқықый кепилликлерин тәмийинлеў;

-конституциялық юстиция (судлаў)ны раўажландырыў;

-инсан ҳуқықларына байланыслы миллий институтларымызды қәлиплестириў;

-жаңа демократиялық институтларды, солар қатарында Омбудсман институтын раўажландырыў ҳәм басқалар.

Мәмлекетимизде әмелде болған нызам ҳүжжетлериниң халық аралық ҳуқық нормаларына маслығын анализ қылып барыў жүзесинен де белгили бир система жаратылған. Себеби, Өзбекстан Республикасы Президенти қарамағындағы Әмелдеги нызам ҳүжжетлери монитринги институтының ўазыйпаларынан бири: "Өзбекстан Республикасы нызам ҳүжжетлериниң халық аралық норма ҳәм стандартларына муўапықлығын үйрениў; нызамлардың жойбарларында улыўма тән алынған халық аралық ҳуқық, инсан ҳуқықлары ҳәм еркинликлери принциплери ҳәм де нормалары үстинлигине әмел қылыныўын анализ етиў"[2]ден ибарат екенлиги көрсетип өтилген.

Өзбекстан Республикасы "Референдум жуўмақлары ҳәм мәмлекетлик ҳәкимиятты шөлкемлестириўдиң тийкарғы принциплери ҳаққында"ғы Конституциялық нызамның 2-статьясы демократиялық реформаларды тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти қәлиплестириў барысында нызамшылықты жетилистириўдиң тийкарғы принциплерине бағышланған болып, оның үшинши пунктинде "Халық-аралық ҳуқықтың әҳмийетине

[1]Қараң: И.А.Каримов Янгича фикрлаш ва ишлаш давр талаби. Т.5. - Тошкент: Ўзбекистон, 1997. -Б.125-126.

[2]Қараң: Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами. 2005. -№14. -100-модда.

тән алынған принциплер ҳәм нормалар тийкарында инсан ҳуқықлары ҳәм еркинликлери кепилликлерин тәмийинлеў"[1] белгиленген.

## 1.2. Өзбекстан Республикасы Конституциясы - инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўши тийкарғы сиясий- ҳуқықый ҳүжжет

Инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў барысындағы мәмлекетлик сиясаттың баслы бағдарларын белгилеп бериўши тийкарғы сиясий ҳуқықый ҳүжжет бул Өзбекстан Республикасы Конституциясы болып табылады. Усы ҳүжжеттиң әҳмийети ҳаққында Өзбекстан Республикасының Президенти И.А.Каримов төмендеги пикирди келтирип өтеди: "Мине, биз ески дүзим қалдықларынан, миллий тәбиятымызға жат ҳәм қарсы болған идеологиялық көз-қараслардан ўаз кешип, өзимиз гөзлеген жаңа турмыс, жаңа жәмийет қурыў, оның конституциялық тийкарларын белгилеп алыўда тийкарғы нызамымызға таянып ҳәм сүйенип ис алып бармақтамыз"[2].

Өз нәўбетинде конституциялық принциплер инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўге қаратылған принциплер системасынан ибарат болып, бул системада ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўге тиккелей бағдарланған қағыйдалар бар.

Атап айтқанда, мәмлекет суверенитети менен байланыслы принцип Конституцияның 2-статьясында белгиленген. Оған көре "Мәмлекет халықтың ерк-ықрарын билдирип, оның мәплерине хызмет қылады. Мәмлекет уйымлары ҳәм лаўазымлы шахслар жәмийет ҳәм пуқаралар алдында жуўапкерли"[3]. Усы орында жуўапкершилик төмендеги үш тийкарғы формада сәўлелениўи мүмкин:

**биринshиси**, бул жәмийет ҳәм пуқаралардың мәмлекет ҳәм лаўазымлы шахсларға өз мәплериниң әмелге асырылыў талабын қойыў ҳуқықы;

[1]Қараң: Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси. 2002. -№4-5. -60-модда.
[2]Каримов И.А. Инсон, унинг ҳуқуқ ва эркинликлари - олий кадрият. Т, 14. -Т.: Ўзбекистон, 2006. -Б.61-62
[3] Қараң: Ўзбекистон Республикаси Конституцияси. - Тошкент: Ўзбекистон, 2012.

**екиншиси**, жәмийет ҳәм пуқаралар ҳәр түрли ҳуқықый қураллар арқалы мәмлекетлик органлар ҳәм лаўазымлы шахслардың хызметлерин бағдарлап барыўы;

**үшиншиси**, жәмийет ҳәм пуқаралардың мәмлекет ҳәм лаўазымлы шахслар хызмети үстинен өз бақлаўын әмелге асырып барыў, оларды шақырып алыў ҳәм жуўапкершиликке тартыў имканиятына ийе болыўы.

Халық ҳәкимиятшылығының басланғыш принципине инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўге қаратылған мәмлекетлик сиясаттың баслы бағдарларын қәлиплестириўде тийкар болып хызмет қылыўшы төмендеги приниципперде тийисли: халық мәмлекетлик ҳәкимияттың бирден-бир дереги; инсан ҳуқықлары жоқары қәдирият сыпатында тән алыныўы.

Өз нәўбетинде халық ҳәкимиятшылығы принципиниң тәмийинлениўи демократияның төмендеги формалары арқалы әмелге асырылады, яғный булар: ўәкилликли ҳәм тиккелей демократия болып есапланады. Ўәкиллик демократиясы пуқаралар тәрепинен тиккелей қәлиплестирилетуғын мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкиллик уйымлары ҳәм де пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары арқалы жүзеге шығарылады. Бундай уйымлар Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Палаталары, Қарақалпақстан Республикаси Жоқарғы Кеңеси, ўәлаят, район ҳәм қала халық депутатлары Кеңеслери ҳәмде пуқаралардың қалашалар, поселкалар аўыллар ҳәм мәҳәллелерде өзин-өзи басқарыўға тийисли өз конституциялық ҳуқықларын әмелге асырыўшы пуқаралар жыйынлары киреди. Олардың инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўдеги роли төмендеги ўәкилликлеринде сәўлеленеди: биринsocialшиден, халықтың ерк-ықрарын мәмлекетлик дәрежеге көтериў, екиншиден, нызам ҳәм қарарлардың орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде тийисли мәмлекетлик уйымлар ҳәм жәмийетшилик шөлкемлерин дүзиў ҳәм олардың хызмети үстинен қадағалаўды әмелге асырыў.

Тиккелей демократия пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин

тәмийинлеўге тиккелей тәсир көрсетиўиниң форма ҳәм методларын өз ишине алады. Усы жағдай пуқаралардың мәмлекетлик уйымларды қәлиплестириўдеги тиккелей қатнасыўында, мәмлекетлик уйымлардың хызметлерин бағдарлап турыўы ҳәм бақлаўы менен байланыслы ўәкилликлеринде көринеди.

Пуқаралық жәмийети ҳәм парламентке тийисли мәселелердиң тығыз байланыслығы ҳаққында пикир жүргизер екен, профессор З.М.Исломов төмендегилерди атап өтеди: "Пуқаралық жәмийетине өтиў қай тәризде әмелге асырылыўы мүмкин? Бизиңше, бундай жәмийеттиң тийкарғы сиясий институты парламент болыўы керек. Тек ғана пуқараларды сиясий белсендиликке хошаметлей алады, оларға өз мәплерин сезип ғана қалмай, бул мәплерди өз-ара муўапықластырыўға да жәрдем береди"[1].

Өзбекстан Республикасының Президенти И.А.Каримов инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў барысында Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң хызмети менен байланыслы мәселелер ҳаққында тоқталар екен, "инсан ҳуқықлары идеясы Олий Мажлис хызметинде турақлы орын ийелеўи керек. Ҳәр қандай нызам, ҳәрекет етиў тараўына қарамастан, ислеп шығылып атырған ҳәм додаланып атырған ўақытта инсанның тийкарғы, бузылмас ҳуқықларына қаншелли мас келиўине айрықша итибар қаратыў лазым"[2], деп атап өтеди. Өзбекстан Республикасының Президенти И.А.Каримовтың усы талабы Конституцияның халық ҳәкимияты принципине тийкарланыўы ҳәм оны тәмийинлеўде тийкарғы итибар инсанға қаратылған болыўы лазымлығынан келип шығады.

Халық ҳәкимиятшылығының жәмийетлик турмыста толық әмелге асырылыўына инсан еркинлигин тәмийинлеў арқалы ерисиў мүмкин. Сонлықтан, халық ҳәкимиятшылығы инсан мәплерин тәмийинлеў жолындағы тийкарғы социаллық-сиясий механизмлеринен бири есапланады. Егерде халық ҳәкимиятшылығы принципи менен инсан

---

[1]Исламов З.М. Фуқаролик жамияти: кеча, бугун, эртага. -Тошкент: ТДЮИ, 2002. -Б.41-42
[2] Каримов И.А. Ватан саждагоҳ каби мукаддасдир. Т.3. - Тошкент: Ўзбекистон, 1996. -Б. 17

мәплери принципин өз-ара салыстырсақ, онда инсан мәплери бул-мақсет, халық ҳәкимиятшылығы болса оған ерисиў қуралы болып табылады.

Демек, инсанның жоқары қәдирият сыпатындағы статусы ҳәм халық ҳәкимиятының тийкарғы конституциялық принциплерин салыстырғанда усы принцип Конституцияның басланғыш идеясы болыўы ҳәм сол принцип жоқарыдағы халық ҳәкимиятшылығы нормасына қарағанда Конституцияның басланғыш статьяларында беккемлениўи дурыс.

Инсан жәмийетте жасап ҳәм оның ағзасы бола турып, оның мәплери басқа инсанлардың мәплери менен соқлығысады. Сол тәрептен алып қарағанда, инсанлардың бир-бири менен соқлығысқан мәплерин әдалатлы шешиў ушын оларды өзлериниң қатнасыўында әмелге асырылатуғын ҳәкимиятты шөлкемлестириў зәрүрлиги жүзеге келеди. Сонлықтан, демократиялық мәмлекетлерде солар қатарында Өзбекстанда да, халық ҳәкимияты принципи конституциялық дүзимди шөлкемлестириўши нормалардан бирин қурайды ҳәм оны тәмийинлеў мәмлекетлик сиясаттың баслы бағдарларының бири сыпатында қабыл етиледи.

Бунда ең әҳмийетли мәселе пуқаралардың сиясий белсендилигине ерисиў есапланады. Усы мәселе жүзесинен Президентимиз айтып өткениндей, "Буның ушын барлық пуқараларымыз өз ҳуқық ҳәм миннетлерин терең аңлай алыўы ҳәм сиясий саўатханлығын асырыўлары лазым"[1].

Буннан жуўмақ қылыў мүмкин, пуқаралық жәмийетин қәлиплестириўде тийкарғы ўазыйпа сыпатында инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў идеясы мәмлекетлик сиясаттың баслы бағдарын пайда етсе, онда бул ўазыйпаны шешиў ушын инсанға қарата бир ўақыттың өзинде ҳәм объект, ҳәм субъект сыпатында қаралыўы лазым. Бул жерде, мәмлекет өзиниң сиясатын зәрүр болған ҳуқықый, социал-экономикалық ҳәм мәдений кепилликлерин жаратыўға қаратыўы лазым. Субъект сыпатында қаралғанда, мәмлекет инсанның белсендилигин ҳәмде

---

[1] Каримов И.А. Инсон, унинг ҳуқуқ ва эркинликлари - олий қадрият. Т. 14. -Т.: Ўзбекистон, 2006. -Б.63

оны жәмийетлик қатнасықлардың тең ҳәм ғәрезсиз субъекти сыпатында тән алыўы лазым.

Инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў барысында мәмлекетлик сиясаттың баслы бағдарларын белгилеп бериўши Конституцияның және бир тийкарғы принципи бул Конституция ҳәм нызамлардың үстинлиги принципи болып табылады. Усы принцип Конституцияның басқа норматив-ҳуқықый ҳүжжетлерге қарағанда үстинлигин аңлатады. Конституция ҳуқықый системаның тырнағын қурайды, ол усындай тәртипти жүзеге шығарыўға хызмет қылады, оған муўапық нызам ҳәм ҳуқық ажыралып кетпейди. Бирақ, Конституция жоқарғы күшке ийе болып, оған нызамлар ҳәм басқа норматив-ҳуқықый ҳүжжетлер қайшы келмеўи шәрт.

Өз нәўбетинде, мәмлекетлик ҳәкимият, өзин-өзи басқарыў уйымлары, лаўазымлы шахслар, пуқаралар ҳәм олардың бирлеспелери Өзбекстан Республикасының Конституциясы ҳәм нызамларына әмел қылыўлары шәрт. Демек, мәмлекет ҳуқық пенен байланыслы шегараланған, лаўазымлы шахслар болса, яғный, мәмлекет баслығынан ең төмендеги ҳәмелдарларға шекем нызамға сай ҳалда ис алып барыўлары лазым, ҳәр қандай ҳуқық бузылыўы жуўапкершиликке тартыў ушын тийкар болады.

Лаўазымлы шахслардың өз ўәкилликлери шеңберинен шығып кетиўи нызамшылықтың бузылыўы деп қаралыўы лазым. Бул жағдайда, ҳәкимият ҳәм еркинлик тең салмақлықлығы өзгериўине алып келеди. Бул инсан ҳәм пуқараның ҳуқық ҳәм еркинлигине қәўип салыныўы яки пуқаралар турмысына нызамсыз араласыў есапланады. Бул ҳаққында Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов төмендеги пикирди билдиреди: "Тийкарғы нызамымызда биринши нәўбетте шахс мәплериниң мәмлекет мәплеринен үстин етип белгиленгенлиги, усы конституциялық принципке биринши нәўбетте лаўазымлы ҳәм әмелдар ўазыйпаларда отырғанлар, ҳуқық қорғаў мәкемелери хызметкерлери өзиниң күнделикли хызметлеринде әмел қылыўы зәрүрлигин бүгинги күнде ең әҳмийетли

мәселе сыпатында ортаға қойсақ, ойлайман, ҳәр тәреплеме дурыс болады"[1].

Бул ҳаққында әмелдеги жағдайға тоқталып өтер екен, ҳуқықтаныўшы алым Ф.Х.Рахимов төмендегише пикир билдирип өтеди: "Базы бир ўәкиллиги үлкен болмаған лаўазымлы шахслар өзлериниң пуқаралар алдындағы миннетлерин умытып қояды. Пуқаралардың талап ҳәм усынысларын нызам шегарасында шешип бериў, оларға шәраят жаратыў орнына бюрократлық қылып, өзлерин төрелерше тутады. Буның ақыбетинде пуқаралардың наразылықлары келип шығады". Оның пикиринше, бул машқала мәмлекетимизде пуқаралық жәмийетти қәлиплестириў менен тиккелей байланыслы мәселе есапланады, яғный, "Мәмлекетлик ҳәкимияттың системасы нызамға тийкарланбайтуғын болса, бундай мәмлекетте пуқаралық жәмийети ҳаққында сөз етиўге ҳеш қандай орын болмайды"[2].

Инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўде мәмлекетлик сиясаттың баслы бағдарларын белгилеп беретуғын Конституцияның кейинги сиясий көрсетпелери сыртқы сиясат пенен байланыслы тийкарғы принцип болып табылады. Бундай конституциялық сиясий идеялардың мазмуны, әҳмийети сонда, бунда мәмлекетке сыртқы сиясатты алып барыўда инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў идеясына тийкарланыў лазымлығы нәзерде тутылады. Демек,мәмлекет сыртқы сиясатын алып барыўда инсан турмысын, ден-саўлығын, тынышлығын, экономикалық турақлылығын, руўхый байлықларын қәўип астына қоймаўға, оларды жәнеде беккемлеўге ҳәм раўажландырыўға умтылыўы лазым.

Инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўге қаратылған мәмлекет сиясатының баслы бағдарларының үшинши формасы Өзбекстан

---

[1]Каримов И.А. Инсон, унинг ҳуқуқ ва эркинликлари - олий қадрият. Т. 14. -Т.: Ўзбекистон, 2006. -Б.63

[2]Рахимов Ф.Х. Конституциявий ҳуқуқларни таъминлашда давлат фаолиятининг масъулияти, - Тошкент: Маънавият, 2001.-Б. 19

Республикасы Президентиниң мәмлекет баслығы сыпатындағы халық аралық ҳуқық ҳәм Конституциялық принциплерди турмысқа енгизиў мақсетинде қылған баянатлары ҳәм шығып сөйлеўлери ҳәм де ол тәрепинен қабыл қылынған норматив-ҳуқықый ҳүжжетлердеги көрсетпелери болып есапланады.

Өзбекстан Республикасы Президенти тәрепинен әмелге асырылатуғын жоқарыдағы хызметиниң мазмуны ҳәм әҳмийети төмендегилерде сәўлеленген болады: биринши, бул сиясий идеяларды қәлиплестириў ҳәм оларды ҳуқықый тийкарлар арқалы беккемлеў; екиншиси, оларды тәмийинлеў барысында ҳуқықый кепилликлерин жаратыўда.

Өзбекстан Республикасы Президенти мәмлекет баслығы сыпатында халық аралық ҳуқықый ҳәм конституциялық принциплерди турмысқа енгизиў жүзесинен реформалардың баслы бағдарларын белгилеп алыў барысында мәмлекетлик сиясатты қәлиплестиреди ҳәм тийисли ҳуқықый шараларды көреди.

Мәмлекетимиз басшысы тәрепинен белгиленетуғын мәмлекетлик сиясаттың тийкарғы бағдарлары бир ўақыттың өзинде объекти тәрепинен мәмлекет, жәмийет ҳәм инсанды, олардың барлық түрдеги өз-ара қатнасықларының тийкары болған, инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўге қаратылғаны есапланады. Бул бойынша Президентимиздиң "Усы орында мәмлекет қурылысы ҳәм оның раўажланыўы, жәмийетимиздиң демократиялық жаңаланыўы, экономикамызды раўажландырыў ҳәм еркинлестириў, руўхый-ағартыўшылық ислери менен байланыслы болған, қысқаша айтқанда, алдымызда турған барлық машқала ҳәм ўазыйпаларды шешиўде реформа реформа ушын емес, ең дәслеп инсан ушын, инсан мәплерин тәмийинлеў ушын"[1], деген пикирлерин келтирип өтиў орынлы.

Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримовтың баянат ҳәм мийнетлеринде реформалардың ҳәзирги басқышына тийисли төмендеги

[1]Каримов И.А. Инсон, унинг ҳуқуқ ва эркинликлари - олий қадрият. Т. 14. -Т,: Ўзбекистон, 2006. -Б.63

баслы ўазыйпа ҳәм бағдарлар белгилеп берилди:

**Сиясий-ҳуқықый бағдарда:** бириншиден, мәмлекет дүзилиси ҳәм басқарыў тараўында нызамшылық ҳәкимияты болған Парламенттиң роли ҳәм тәсирин күшейттириў, ҳәкимияттың нызамшылық, атқарыўшы ҳәм суд тармақлары ортасында жәнеде кеңирек ҳәм турақлы тең салмақлыққа ерисиў. Бул бойынша реформалар төмендегилерди көзде тутады: Президент ўәкилликлериниң бир бөлимин Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң Сенатына өткизиў, Нызамшылық палатасының ўәкилликлерин ҳәм ҳуқықларын кеңейтириў; Министрлер Кабинетиниң ҳуқықларын ҳәм жуўапкершилигин асырыў, суд ҳәкимиятының ғәрезсизлигин тәмийинлеў.

Екиншиден, ҳәкимияттың ғәрезсиз тармағы болған суд-ҳуқық системасын либераллastырыўды даўам еттириў. Бул ҳаққында алға сүрилген ўазыйпалар төмендегилерден ибарат болды: прокуратура уйымларының суд процессине араласыўын шеклеў; шахсты услап турыў, қамаққа алыў ҳәм басқа процессуаллық шараларды қоллаў ушын санкция бериў ҳуқықларын суд уйымларына өткизиў; жазалаў системасынан өлим жазасын шығарыў; суд ҳәм ҳуқық қорғаў уйымлары хызметкерлериниң жуўапкершилигин асырыў.

Үшиншиден, ғалаба хабар қуралларын раўажландырыў ушын демократиялық усылларды енгизиў. Усы ўазыйпаны Президентимиз пуқаралардың еркинликлерин тәмийинлеўдиң ең әҳмийетли шәрти деп баҳалады. Бул илажлардың екинши тәрепи баспа сөз, телевидение, радио хызметлериниң ғәрезсизлигин ҳәм еркинлигин тәмийинлеўге қаратылған. Бунда ең дәслеп, ғалаба хабар қуралларының еркинлигин тәмийинлеў оннан соң мәмлекетлик телевидение негизинде жәмийетшилик телевидениесин қәлиплестириў нәзерде тутылады.

Төртиншиден, турақлы  сыртқы сиясат алып барып мәмлекеттиң дүнья мәмлекетлери арасында мүнәсип орнын беккемлеў. Бунның тийкарғы мазмуны төмендегише: мәплеримиз мас келетуғын барлық мәмлекетлер

менен белсене қатнасық қылыў, халық аралық қатнасықларды идеологияластырыўға болған ҳәр қандай урыныўларға қатаң қарсы шығыў; Орайлық Азияда тынышлық ҳәм турақлылықты сақлаў ҳәм усы аймақтағы жасап атырған халықлардың әҳмийетли турмыслық мәплерине байланыслы болған экономикалық ҳәм басқа улыўма контингентлик мәселелерди шешиў ушын өз-ара бирге ислесиў ҳәм әмелий ҳәрекетлер механизмин қәлиплестириў; сыртқы сиясат тараўындағы ўазыйпаларды шешиўде Бирлескен Миллетлер Шөлкеми шеңбериндеги бирге ислесиўди раўажландырыў.

**Экономикалық бағдарда**: Биринshiден, базар қатнасықлары реформаларын тереңлестириў ҳәм экономиканы жәнеде еркинлестириў. Бул бойынша төмендеги ўазыйпалар белгиленген: ески ҳәкимшилик-бөлистириў системасы қәлиплеринен пүткиллей ўаз кешиў; мәмлекеттиң экономикаға араласыўын жәнеде шеклеў; еркин исбилерменлик хызмети ушын әмелий кепилликлерди тәмийинлеў; экономика ҳәм бизнести турақлы раўажландырыў.

Екиншиден, жеке тармақтың тез пәт пенен раўажланыўы, оның мәмлекет экономикасына үлесиниң көбеўин тәмийинлеў. Бул тараўдағы ең әҳмийетли ўазыйпалар төмендегилерден ибарат: мәмлекетлик дүзилмелердиң жеке исбилерменлик хызметине араласыўын жәнеде шеклеў; хожалық субъектлерине қарата қолланылатуғын жаза шаралары системасын толық қайта көрип шығыў; жеке исбилерменлерге зәрүр ресурсларды сатып алыў ҳәм өнимлерин сатыў ушын базарларға шығарыў имканиятларын жәнеде кеңейтириў; жеке исбилерменликти раўажландырыў тараўына финанслық жәрдем бериў.

Үшиншиден, киши бизнес ҳәм фермерликти раўажландырыў барысындағы ислерди тереңлестириў ҳәм көлемин кеңейтириў. Бунда төмендеги мәселелерди шешиў көзде тутылған: биринши, салыққа тартыў системасында қосымша жеңилликлер ҳәм преференциялар бериў; салық нызамшылығының турақлығын тәмийинлеў; салықларды есаплаў ҳәм

төлеўдиң әшкаралығы, әпиўайыластырылған усылларды ислеп шығыў; екинши, хызметтиң айырым түрлери менен шуғылланыў ушын рухсат бериў тәртиплерин қысқартыў ҳәм әпиўайыластырыў; киши бизнести арза бериў тийкарында дизимге алыў системасын басқышпа-басқыш енгизиў; үшинши, үлкен кәрханалардың буйыртпалары тийкарында киши өнимлерди ислеп шығарыў менен шуғылланатуғын жаңа киши кәрханалар ашыў, шаңарақларда майда жеке меншик цехлар ашыўды қоллап-қуўатлаў; төртинши, киши кәрханаларда ислейтуғын пуқаралар ушын материаллық техникалық тәмийнат бойынша хызмет көрсететуғын ҳәм олар тәрепинен таярланған өнимлерди сатыўға көмеклесетуғын дүзилмелер жаратыў.

Төртиншиден, банк ҳәм финанс системаларындағы реформаларды тереңлестириў. Бул бойынша төмендеги мәселелерге итибар қаратылыўы белгилеген; финанс ҳәм банк дүзилмелериниң қатаң пул-кредит сиясатын өткериў, инфляция дәрежесиниң турақлығын, миллий валютаны ҳәм оның алмаслаў курсы беккемлилигин сақлаўдағы жуўапкершилигин асырыў.

Бесиншиден, турақ-жай коммунал хожалықларын реформалаўға айрықша итибар қаратыў. Бул бойынша тәсиршең механизмлерди жаратыў мәселеси белгиленген.

Алтыншыдан, салық сиясатын жәнеде жетилистириў. Бунның тийкарғы бағдарлары төмендегилер; салық төлеў механизмин жәнеде әпиўайыластырыў, салықларды унификация қылыў, салық жүгин жеңиллестириў, салық басқарыўын жетилистириў ҳәм еркинлестириў.

Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов тәрепинен мәмлекетлик сиясаттың жоқарыда белгилеп берилген баслы бағдарлары жүзесинен өткен жыллар даўамында бир қатар реформалар әмелге асырылды. Усы орында жоқарыда көрсетип өтилген раўажланыўымыздың тийкарғы мазмуны белгилеп берилген принциплериниң жәмийетлик турмыста өз сәўлелениўин табыўы биринши нәўбетте инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўге қаратылғанлығын атап өтиў лазым.

Инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў-мәмлекетлик сиясаттың

баслы бағдары екенлиги, биринщиден усы ҳуқық ҳәм еркинликлердиң Конституция ҳәм нызамларда, оларды әмелге асырыў ушын хызмет қылыўшы ҳүжжетлерде беккемленгенлигин де, екиншиден, усы норматив ҳүжжетлер ҳәмде инсан ҳуқықларына тийисли халық аралық нормалар тийкарында хызмет жүритиўши нәтийжели системаның жаратылғанлығын да, үшиншиден, мәмлекетде әмелге асырылып атырған барлық реформалар жемисинде инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўге қаратылған илажлар жатыўында көринеди. Бунда жоқарыда көрсетилген, мәмлекетимиз раўажланыўын белгилеўши баслы бағдарлар айрықша әҳмийетке ийе. Өзбекстанның раўажланыў тәжирийбесинде өз орнын ийелеген, ҳәр бир жылдың жаңа ат пенен аталыўы, усы жылда мәлим бир тараўды раўажландырыўға, қоллап-қуўатлаўға қаратылған ис-илажлар да тиккелей инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўге қаратылғанлығы есапланады. 2011 жыл "Киши бизнес ҳәм исбилерменлер жылы" мүнәсебети менен әмелге асырылған ислер нәтийжесинде, мәмлекетимизде нызамлардың жетилистирилгенлиги ҳәм оның тийкарында пуқаралар ҳуқықын тәмийинлениў кепиллиги асқанлығын айрықша атап көрсетиў лазым. Мәмлекетимиз басшысы тәрепинен 2012 жылды "Беккем шаңарақ жылы", 2013 жылды "Абат турмыс жылы", деп жәрияланыўы болса пуқаралардың ҳуқықларын жәнеде кеңирек тәмийинлеў кепилликлерин жаратты. Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов тәрепинен белгиленген баслы бағдарлар инсан мәплерине қаратылып, оның ҳуқық ҳәм еркинликлерин турмыстың барлық тараўларында тәмийинлеўге ерисиў ушын хызмет қылады. Бул процесске мәмлекет, жәмийет ҳәм инсанның өзинде қатнастырып ҳәм де олардың барлығы өз хызмет ҳәм ҳәрекетлерин усы идеяларға сәйкеслестирип барыў лазымлығын атап өтиў орынлы.

Жоқарыда өткизилген анализлерден келип шығып жуўмақ шығарыў мүмкин, мәмлекет өз хызметлериниң тийкарғы мақсети етип инсан пәраўанлығын, оның ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўди белгилеп алған.

## I бап бойынша жуўмақлаў

Инсан ҳуқықларын қорғаў ғәрезсизлигимиз таянышы болған Конституцияның тийкарғы принципи, Өзбекстан Республикасы социаллық-сиясий системасын түптен реформалаўдың тийкарғы бағдары ҳәм жуўмақлаўшы мақсети есапланады. Ҳуқықтаныўшы алымлардың пикиринше, журтымызда инсан ҳуқықларын, еркинликлерин ҳәм нызамлы мәплерин тәмийинлеў бойынша алып барылып атырған избе-из ҳәм системалы сиясаттың тийкарғы бағдарлары төмендегилерден ибарат;

бириншиден, инсан ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм нызамлы мәплерин қорғаў ҳәм тәмийинлеўдиң ҳуқықый тийкарларын қәлиплестириў ҳәм жетилистириў;

екиншиден, инсан ҳуқықлары қорғалыўының турақлы ҳәм комплексли мониторингин алып барыў;

үшиншиден, пуқаралардың социаллық, сиясий ҳәм ҳуқықый белсендилигин арттырыўға қаратылған кең көлемли илажларды әмелге асырыў, мәмлекетлик емес, коммерциялық емес шөлкемлер ҳәм басқа пуқаралық жәмийети институтларының мәмлекеттиң социаллық-сиясий турмысында актив қатнасыўына көмеклесиў;

төртиншиден, инсан ҳуқықлары тараўында үзликсиз билимлендириў системасын жаратыў ҳәм әмелге асырыў;

бесиншиден, инсан ҳуқықлары бойынша миллий мәплеримизге сай белсенди халық аралық бирге ислесиўди алып барыў.

Ҳәзирги күнде инсан ҳуқықларына байланыслы миллий нызамшылығымыздың өзине тән өзгешеликлери сыпатында төмендегилерди көрсетип өтиў мүмкин:

-инсан ҳуқықларын толық әмелге асырыўдың ҳуқықый кепилликлерин тәмийинлеў;

-конституциялық юстиция (судлаў)ны раўажландырыў;

-инсан ҳуқықларына байланыслы миллий институтларымызды қәлиплестириў;

-жаңа демократиялық институтларды, солар қатарында  Омбудсман институтын раўажландырыў ҳәм басқалар.

Жоқарыда өткизилген анализлерден келип шығып жуўмақ шығарыў мүмкин, мәмлекет өз хызметлериниң тийкарғы мақсети етип инсан пәраўанлығын, оның ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўди белгилеп алған.

## II Бап . Әдиллик уйымларының инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў системасындағы орны

### 2.1. Әдиллик уйымларының инсан ҳуқықларын тәмийинлеў барысындағы тийкарғы ўазыйпалары

Мәмлекетимизде инсан ҳуқықларына әмел қылыў ҳәм оларды ҳүрмет қылыўға айрықша итибар қаратылған ҳалда, пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлейтуғын ҳуқықый тараў шөлкемлестирилген, демократиялық ҳәм пуқаралық жәмийеттиң тийкарғы институтлары қәлиплестирилди. Инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаўдың конституциялық тийкарлары ҳәмде кепилликлери менен бир қатарда инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаў бойынша шөлкемлестириўши механизм, тийисли инфраструктура да шөлкемлестирилди.

Инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў системасы көп қырлы социаллық-сиясий ҳәдийсе болып, ол өз ишине бир қатар субъектлердиң хызмет бағдарларын қамрап алады. Атап өтсек, усы ўазыйпаны әмелге асырыўда жәмийеттеги барлық мәмлекетлик уйымлар, мәмлекетлик емес шөлкемлер ҳәм пуқаралар да қатнасады. Лекин, инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў мәселесине қарай усы субъектлер хызмет түриниң қәнигелесиўине қарап оларды улыўма ҳәм арнаўлы түрлерге ажыратыў мүмкин.

Егер улыўма субъектлерге барлық субъектлер тийисли болатуғын болса, арнаўлы субъектлерге инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў мақсетинде шөлкемлестирилген ҳәм усы хызмет түри менен шуғылланатуғын институтларды киргизиў лазым.

Инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаў тийкарғы ўазыйпаларынан есапланатуғын мәмлекетлик уйымлар системасына суд, прокуратура, әдиллик уйымлары, ишки ислер уйымлары киреди.

Жоқарыдағылар менен бирге, тиккелей төмендеги мәмлекетлик институтлардың хызмети де усы мәселелерге қаратылған: Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң Инсан ҳуқықлары бойынша ўәкили

(Омбудсман), Инсан ҳуқықлары бойынша Өзбекстан Республикасы Миллий орайы, Өзбекстан Республикасы Президенти жанындағы Әмелдеги нызам ҳүжжетлери мониторинги институты. Мәмлекетлик емес шөлкемлер қатарына инсан ҳуқық ҳәм ерикинликлерин қорғаў менен тиккелей адвокатура ҳәм нотариат уйымлары да шуғылланады.

Пуқаралардың өз ҳуқық ҳәм еркинлерин арнаўлы субъект сыпатында тәмийинлеўлери олардың тийисли нызамшылықта өз сәўлелениўин тапқан ҳуқықларын қоллаў процессинде көринеди. Бүгинги күнде пуқаралардың бузылған ҳуқық ҳәм еркинликлерин қайта тиклеў механизми менен байланыслы қағыйдалар Өзбекстан Республикасының "Пуқаралардың мүрәжатлары ҳаққында"ғы ҳәмде "Пуқаралардың ҳуқықларын ҳәм еркинликлерин бузатуғын ис-ҳәрекетлер ҳәм қарарлар үстинен судқа шағым етиў ҳаққында"ғы нызамларында беккемленип қойылған.

Әдиллик уйымлары инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўдеги субъектлериниң биринши түрине тийисли болып, олар инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тиккелей қорғаў менен шуғылланбастан, бәлки, бул тараўдағы хызметин басқа ўазыйпалар менен қосып алып барады. Олардың бул барада тийкарғы ўазыйпасы ҳуқықый кепилликлерин жаратыў ҳәмде инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаўда қатнасыўында сәўлеленеди. Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2003 жыл 27 августта қабыл қылған "Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлиги хызметин жәнеде жетилистириўге тийисли ис-илажлар ҳаққында"ғы 370-санлы қарары Әдиллик министрлигиниң инсан ҳуқықлары тараўында әҳмийетли қәдем болды. Бул ҳаққында соны атап өтиў керек, әдиллик уйымлары жуўапкершилигине тиккелей инсан ҳуқықларын қорғаўға бағдарланған ҳәм олар менен байланыслы ўазыйпалар жүкленди.

Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының 2010 жыл 12 ноябрь күни болып өткен қоспа мәжилисиндеги "Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды жәнеде тереңлестириў

ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы" атлы баянатында әдиллик уйымларының хызметлерин жетилистириў жүзесинен концептуал әҳмийетке ийе болған идеялар алға сүрилди. Атап айтқанда, Президентимиздиң пикиринше, "әдиллик уйымларының ҳуқық дөретиўшилиги тараўы ҳәм ҳуқықты қоллаў әмелиятында жеке мәмлекетлик сиясатты өткизиўдеги ролин күшейттириў ушын оларға зәрүр болған тийисли ўәкилликлердиң берилиўи мәмлекетимиздиң ҳуқық қорғаў ҳәм қадағалаўшы уйымлары системасында мәплериниң теңбе-тең нәтийжели механизмин жаратыў имканиятын береди ҳәм де усы уйымлар хызметинде нызамшылық ҳәм нызам үстинлигин тәмийинлеўге хызмет қылады"[1].

Ҳақыйқаттанда, атқарыўшы ҳәкимият системасының бир бүўыны сыпатында әдиллик уйымлары ҳуқық дөретиўшилиги ҳәм ҳуқықты қоллаў әмелияты жүзесинен жеке мәмлекетлик сиясатты әмелге асырыўда тиккелей хызмет көрсетеди. Атап айтқанда, әдиллик уйымларының хызметин тәртипке салатуғын ҳуқықый ҳүжжетлерде әдиллик уйымларының тийкарғы ўазыйпасы сыпатында ҳуқықты тиккелей қорғаўды әмелге асырыў емес, оның нәтийжели қорғалыўын тәмийинлеў деп белгиленген. Олардан парықлырақ, суд, прокуратура, ишки ислер уйымлары, адвокатура ҳәм басқа уйымлар инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаў жүзесинен тиккелей хызмет жүргизеди ҳәм олардың хызмети тийисли процессуаллық нормалар менен беккемленип қойылған.

Әдиллик уйымларының бул барадағы қәнигелесиўи олардың тийисли нызамшылықты турақлы қоллаўға тийисли хызмети менен байланыслы. Өз нәўбетинде, инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўдиң тийкарғы усыллары сыпатында ҳуқық қуралы, яғный ҳуқықый нормаларды қоллаў болғанлығы себепли, әдиллик уйымлары усы процесстиң нәтийжелилигин

---

[1]Қараң: Мамлакатимизда демократик ислохотларни янада чукурлаштириш ва фуқаролик жамиятини ривожлантириш концепцияси / Ўзбекистон Республикаси Президенти И.А.Каримов Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенатининг 2010 йил 12 октябрь куни бўлиб ўтган қўшма йиғилишида килган маърузаси. // Халқ сўзи, 2010 йил 13 ноябрь

арттырыўға тиккелей тәсир көрсетеди. Әдиллик уйымларының инсан ҳуқықларын тәмийинлеў барысындағы ең тийкарғы ўазыйпасы ҳәмде усы мәселе жүзесинен атқарыўшы ҳәкимият системасына кириўши басқа барлық мәмлекетлик уйымлардан парқы сонда, олардың өз хызметлеринде бир тәрептен мәмлекет уйымларын институционал тәрептен, яғный усы уйымлардың шөлкемлесиўин, екинши тәрептен болса олардың хызметлериниң форма ҳәм методларын жетилистирип барыўларында көринеди.

Әдиллик уйымлары өз мақсетлеринен келип шығып, инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў барысындағы хызметин алып барыўда төмендеги ўәкилликлери менен тәмийинленген: нызам ҳүжжетлерин турақлы рәўиште анализ қылыў ҳәм оларды жетилистириў жүзесинен усыныслар ислеп шығыў; халық аралық тәжирийбелерди үйрениў ҳәм халық аралық ҳуқықый нормаларды Өзбекстан Республикасының әмелдеги нызам ҳүжжетлеринде өз орынланыўын табыўы бойынша усыныслар таярлаў; халықтың ҳуқықый билимлерин арттырыў, жәмийетте инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин ҳүрмет қылыў бойынша ис-илажларды ислеп шығыў; нызам ҳүжжетлерине әмел қылыўдың жағдайын үйрениў, улыўмаластырыў ҳәм оны жақсылаў жүзесинен тийисли мәмлекетлик уйымларына усыныслар киргизиў; инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаўда адвокатлық дүзилмелердиң ролин күшейттириў, пуқаралық жәмийети институтларын раўажландырыўға ҳәмде олардың ҳуқықый тийкарларының беккемлениўине көмеклесиў; пуқаралардың конституциялық ҳуқық ҳәм еркинликлериниң бузылыўы жүзесинен мүрәжатларының ҳәр тәреплеме дурыс шешилиўин тәмийинлеў, олар бойынша нызам ҳүжжетлерине муўапық ис-илажлар көриў.

Демек, әдиллик уйымларының функционаллық тәрептен ўәкилликлерин анализлеп, атап өтсек, усы уйымлар инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў исинде тиккелей ҳуқықый қорғаў хызметин әмелге асырмайды, лекин солар менен бирге, олар усы процесстиң

нәтийжели өтиўи ушын тийисли ҳуқықый шәрт-шәраят жаратылыўын тәмийинлеўде әҳмийетли хызмет алып барады. Усы тәрептен алғанда, әдиллик уйымлары инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў системасындағы субъектлердиң биринши ҳәм екинши түрлеринен өзлериниң атқаратуғын ўәкилликлери тәрепинен парықланады. Биринши түрдеги субъектлер инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тиккелей қорғамастан балким, оларды тек ғана тәмийинлеўдеги кепилликлерди жаратса (мәселен, Олий Мажлис Палаталары, Өзбекстан Республикасы Президенти, Министрлер Кабинети, халық депутатлары жергиликли Кеңеслери, ҳәкимлер) яки өзлериниң хызмети шеңберинде бузылған ҳуқық ҳәм еркинликлерин қайта тиклеўди әмелге асырса (мәселен, тийисли министрликлер, олардың орынлардағы басқарма ҳәм бөлимлери) әдиллик уйымлары болса, өз хызметинде барлық тараўларды қамрап алады ҳәмде жәмийетлик турмыстың бирден-бир тараўы менен шегараланбастан, тиккелей нызамшылықтың сыпаты, әмелге асырылыўының ҳалаты ҳәм нәтийжелерин үйрениў, анализ қылыў ҳәм жетилистириў жүзесинен усынıслар ислеп шығыў, инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаўда жәнеде қәнигелескен болады ҳәм усы процесске мақсетли тәсир көрсетеди.

Екинши түрдеги субъектлер тиккелей инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаў менен шуғылланса, әдиллик уйымлары болса атқарыўшы ҳәкимият уйымларының барлық уйымларынан парықлырақ (ишки ислер уйымлары буған кирмейди), усы субъектлер менен жақыннан қатнасыққа кирисип, олардың хызметин ҳуқықый тәрептен тәмийинлеўде тийислисинше қатнасады.

Бизиң пикиримизше, әдиллик уйымларының усы процесстеги қатнасы төмендегилерде сәўлеленеди: суд уйымларының материаллық тәмийинлениўин әмелге асырыў, суд-ҳуқық реформаларын жәнеде тереңлестириўге қаратылған мәмлекетлик илажларда қатнасыў; адвокатура хызмети үстинен нызамлылыққа әмел қылыў барысында қадағалаўды алып барыў ҳәм бунда адвокатлық лицензияларды бериў мәселелери менен

шуғылланатуғын арнаўлы комиссияларды шөлкемлестириў ҳәм оның хызметинде қатнасыў; прокуратура уйымлары менен нызамшылық ҳәм ҳуқық нормларын тәмийинлеў мақсетинде биргеликте илажлар өткериў, усы уйымларда инсан ҳуқықларына әмел қылыныўының жағдайын үйрениў ҳәм олардың хызметин жетилистириў жүзесинен усынıслар ислеп шығыў ҳәм басқалар.

Әдиллик уйымларының бир ўақыттың өзинде суд уйымлары менен биргеликте хызметин шөлкемлестириўине байланыслы ҳуқықый тийкарлар Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2004 жыл 24 февралдағы "Ҳуқық қорғаў уйымлары тәрепинен инсан ҳуқықларына әмел етилиўин тәмийинлеў ислерин жетилистириў ҳәм Өзбекстан Республикасында суд-ҳуқық реформаларын жәнеде тереңлестириў ҳаққында"ғы бийлигинде беккемленип қойылған[1]. Усы бийликке муўапық ҳуқық қорғаў уйымлары тәрепинен инсан ҳуқықларына әмел қылыныўы ҳалатын үйрениў бойынша мәкемелер аралық исши топары шөлкемлестирилген ҳәм топар басшысы сыпатында әдиллик министри тастыйықланған.

Өз нәўбетинде исши топарға төмендегилерди орынлаў ўазыйпалары жүкленген: ҳуқық қорғаў уйымлары тәрепинен инсан ҳуқықларына әмел етилиўи менен байланыслы мәселелердиң ҳалатларын үйрениў ҳәм улыўмаластырыў; министрликлер ҳәм мәкемелердиң ҳәмде республиканың мәмлекетлик емес, коммерциялық емес шөлкемлери халық аралық дүзилмелердиң инсан ҳуқықлары мәселелери бойынша усынысларын көрип шығыў; нызам ҳүжжетлерин жетилистириў, кепилликлерин беккемлеў, ҳуқық қорғаў уйымлары тәрепинен инсан ҳуқықларына әмел етилиўин қадағалаў жүзесинен усыныслар таярлаў.

Дүзилген исши топардың ўазыйпаларынан келип шығып, атап өтиў мүмкин, басқа мәмлекетлик уйымларға қарағанда инсан ҳуқық ҳәм

---

[1]Қараң: Ўзбекистон Республикаси Қонун ҳужжатлари тўплами. 2004. -№3. -18-модда.

еркинликлериниң ҳуқықый тийкарларын жетилистириў ҳәм олардың орынланыўын тәмийинлеў барысындағы ис илажларды ислеп шығыўда әдиллик уйымлары орайлық орынды ийелейди.

Әдиллик уйымларының инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўде биринши түрдеги субъектлер менен жақыннан өз-ара байланыслығының ҳуқықый тийкарлары Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң "Инсан мәплерин тәмийинлеў барысында 1997 жылда әмелге асырылатуғын ис-илажлар бағдарламасы ҳаққында"ғы 1997 жыл 19 февралдағы 91-санлы қарарының мазмунында өз сәўлелениўин тапқан.[1]. Усы қарардың тийкарғы мақсети Өзбекстан Республикасы пуқараларының мәплерин әмелге асырыў, шахстың ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў, демократиялық ҳәм руўхый қәдириятларды раўажландырыў, сондай-ақ экономикалық реформаларды социаллық бағдарларын күшейттириў, инсанлардың турмыс дәрежесин көтериў ушын зәрүр ҳуқықый ҳәм экономикалық шәраятлар жаратыў деп белгиленген.

Жоқарыда келтирилген ўазыйпалар жыйындысы Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң шахс мәплерин қорғаўдың ҳуқықый тийкарларын жетилистириўге қаратылған тийисли бағдарламасында өз сәўлелениўин тапқан. Режелестирилген ислер соны көрсетеди, Әдиллик министрлиги, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети тәрепинен қабыл етилген барлық ҳуқықый ҳүжжетлер үстинде ислеўге, оларды ислеп шығыўда ҳәм додалаўда, яғный, инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўдеги ҳуқықый тийкарларын жетилистириўге қатнасады.

Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўге қаратылған ўазыйпаларды орынлаўға жуўапкерлерди белгилеўдиң ҳуқықый өзгешелиги сонда, көпшилик ис илажларға бир ўақытта Әдиллик министрлиги менен бир қатарда Өзбекстан Республикасы Президенти жанындағы Әмелдеги нызам

[1]Қараң: Ўзбекистон Республикаси Ҳукуматининг карорлари тўплами. 1997. -№2. -5-модда

ҳүжжетлери мониторинги институты, Инсан ҳуқықлары бойынша Өзбекстан Республикасы Миллий орайы, Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң Инсан ҳуқықлары бойынша ўәкили (Омбудсман), Жоқарғы суд, Прокуратура, Ишки ишлер министрлиги тартылған. Әдиллик уйымлары, екинши түрдеги, яғный инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тиккелей қорғаў менен шуғылланатуғын мәмлекетлик уйымлар ҳәм институтлары менен биргеликте хызмет көрсетеди.

Бундай қатнасықлар ҳалатын Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң бағдарламасының кейинги бөлимлеринде де көриў мүмкин. Солар қатарында, "Шахс мәплерин қорғаўды тәмийинлеўдиң ҳуқықый қураллары" деген екинши бөлиминде мәмлекетлик уйымлар ҳәм институтлар төмендеги илажларға жуўапкер етип тайынланған: шахс мәплерин юридикалық жақтан қорғаўдың механизмин жаратыў, инсан ҳуқықлары бойынша миллий ҳәрекет бағдарламасын ислеп шығыў.

Усы ҳалатта илаж тиккелей инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаў менен байланыслы болғанлығы ушын Әдиллик министрлиги басқа барлық биринши түрдеги субъектлерден ажралған ҳалда екинши түрдеги субъектлер менен биргеликте жуўапкер етип белгиленген.

Өз нәўбетинде, Өзбекстанда инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў менен шуғылланыўшы арнаўлы мәмлекетлик уйымлар ҳәм институтлар, яғный екинши түрдеги субъектлердиң ҳуқықый ҳалатын тәртипке салыўшы ҳуқықый ҳүжжетлерде оларды инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў менен байланыслы хызметиниң тийкарғы бағдарлары белгилеп қойылыўы керек. Бул арнаўлы мәмлекетлик уйымлар ҳәм институтлардың бир-бири менен инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў барысындағы хызметлерин нәтийжели ҳәм мақсетли муўапықластырыў имканиятын береди.

Атап айтқанда, Өзбекстан Республикасы "Судлар ҳаққында"ғы нызамының 2-статьясында Өзбекстан Республикасында суд Өзбекстан Республикасының Конституциясы ҳәм басқа нызамларда, инсан

ҳуқықлары ҳаққындағы халық аралық ҳүжжетлерде жәрияланған пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин, кәрханалар, мәкемелер ҳәм шөлкемлердиң ҳуқықларын ҳәмде нызам менен қорғалатуғын мәплерин суд жолы менен қорғаўға болатуғынлығы белгилеп берилген.

Басқа мәмлекетлик уйымларының ўазыйпаларынан парықлырақ, Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлиги ҳаққындағы Режеге муўапық министрликтиң тийкарғы ўазыйпаларынан бири сыпатында "жәмийетте ҳуқықый сана, ҳуқықый мәдениятты асырыўға ҳәм нызамшылықты беккемлеўге бағдарланған ҳуқықый үгит-нәсият бойынша мәмлекетлик уйымлар хызметин муўапықластырыў" мәселелери белгиленген[1]. Бул жерде инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўге тийисли хызметиниң әҳмийетли бағдарларынан бири есапланатуғын ҳуқықый тәрбия мәселесине қарата әдиллик уйымлары менен екинши түрдеги субъектлердиң, яғный суд, прокуратура ҳәм ишки ислер уйымлары арасында бирге ислесиўдиң сайызлығын гүзетиў мүмкин. Бундай сайызлықтың келип шығыўы сонда, бир тәрептен, Әдиллик министрлигине ҳуқықый тәрбия ўазыйпасы оның тийкарғы функцияларынан бири етип белгиленсе, екинши тәрептен, келтирилген екинши түрдеги субъектлердиң ўазыйпаларына усы түрдеги хызмет улыўма киргизилмеген.

Жоқарыдағылардан келип шығып жуўмақ шығарыў мүмкин, бириншиден әдиллик уйымлары ҳуқықый тәрбияны әмелге асырыўды тәмийинлеў мәселесинде мәмлекетлик уйымлар системасында орайлық орынды ийелейди, екиншиден, әдиллик уйымларының усы ўазыйпаны орынлаў жүзесинен басқа мәмлекетлик уйымлардың бул бойынша хызметлерин муўапықластырыўдың нәтийжесин асырыў ушын биринши түрдеги субъектлердиң ҳуқықый тәрбияға көмеклесиў лазымлығын белгилеп қойыў лазым.

---

[1]Қараң: Ўзбекистон Республикаси Қонун хужжатлари тўплами. 2003. -№15. -138-модда

## 2.2. Инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў системасында әдиллик уйымлары менен басқа уйымлардын өз-ара қатнасықлары

Инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тиккелей қорғаў ўәкиллигине ийе болған мәмлекетлик уйымлар әдиллик уйымлары сыяқлы инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаў процессине өзлериниң пүткил хызметлерин қаратыўы лазым.

Солар қатарында, Инсан ҳуқықлары бойынша Өзбекстан Республикасы Миллий орайының Режесинде төмендегилер беккемленген; пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлери тараўында миллий ҳәрекет режесин ислеп шығыў; мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымларына, сондай-ақ инсан ҳуқықлары бойынша жәмийетлик бирлеспелерге мәсләҳәтлер берип турыў хызметлерин әмелге асырыў; мәмлекетлик уйымлардың инсан ҳуқықларын хошаметлеў ҳәм қорғаў тараўында билим бериў, үгит-нәсият, оқыў-методикалық әдебиятларды баспадан шығарыў барысындағы хызметлерин муўапықластырыў ҳәм басқалар[1]. Усы орында қарсылыққа себеп болатуғын ҳалат, әдиллик уйымларына жүкленген айырым мәселелер, яғный ҳуқықый билимлендириў тараўындағы ўәкилликлер Миллий орайға да жүкленген. Бизиң пикиримизше, әҳмийети тәрептен бир қыйлы ўазыйпалардың ҳәр түрли мәмлекетлик уйымлар жуўапкершилигине жүкленгенлиги, өз нәўбетинде тийисли системаның нәтийжели хызмет жүргизиўине тосқынлық қылыўы ҳәмде улыўма жуўапкерсизлик ҳалатларына алып келиўи мүмкин. Усы тәрептен алғанда, "Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлиги ҳаққында"ғы ҳәм "Инсан ҳуқықлары бойынша Өзбекстан Республикасы Миллий орайы ҳаққында"ғы режелерде жоқарыда көрсетип өтилген ўазыйпаларды юридикалық техника қағыйдаларына әмел қылған ҳалда муўапықластырыў лазым, деп есаплаймыз. Юридикалық тәлимге тийисли әдебиятларды муўапықластырыў ўәкиллигин Әдиллик министрлигине, инсан ҳуқықлары

---

[1]Каранг: Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси. 1996. -№12. -11-модда

бойынша халық-аралық норматив-ҳуқықый ҳүжжетлерди басып шығарыў ҳәм олардың түсиндирмелерине тийисли оқыў-методикалық әдебиятларды баспадан шығарыў ўәкиллигин болса Инсан ҳуқықлары бойынша Өзбекстан Республикасы Миллий орайына бериў мақсетке муўапық болады.

Инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў процессинде әдиллик уйымлары менен Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Инсан ҳуқықлары бойынша ўәкили (омбудсман) де жақыннан өз-ара қатнасыққа кириседи.

"Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң инсан ҳуқықлары бойынша ўәкили (омбудсман) ҳаққында"ғы Өзбекстан Республикасы нызамының 1-статьясына муўапық "Өзбекстан Республикасының Инсан ҳуқықлары бойынша ўәкили институты инсан ҳуқықлары ҳәм еркинликлерин қорғаўдың бар болған формаларын ҳәм қуралларын толтырады. Ўәкил Өзбекстан Республикасының инсан ҳуқықлары ҳаққындағы нызам ҳүжжетлерин жетилистириўге ҳәм оларды халық аралық нормаларға муўапықластырыўға, халық аралық бирге ислесиўди раўажландырыўға хызмет қылады, пуқаралардың инсан ҳуқықлары тараўындағы жәмийетлик санасын арттырыўға көмеклеседи"[1]. Усы тәрептен алғанда, Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң инсан ҳуқықлары бойынша ўәкили (омбудсман) әдиллик уйымлары менен биргеликте инсан ҳуқықлары ҳәм еркинликлерине тийисли нызамшылық ҳүжжетлерин орынларда орынланыўы жүзесинен мониторинг ислерин әмелге асырады.

Инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў системасында әдиллик уйымлары менен Өзбекстан Республикасы Президенти жанындағы Әмелдеги нызам ҳүжжетлери мониторинги институты да жақыннан бирге ислеседи. Бул институт Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2005 жыл 2 апрельдеги Пәрманы менен "...нызам дөретиўшилиги иси сыпатын ҳәм

[1]Қараң: Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами. 2004. -№38. -420-модда

оның барлық басқышларында эксперт баҳалары ролин күшейттириў мақсетинде"[1] шөлкемлестирилген. Институттың Режесинде инсан ҳуқықларын тәмийинлеў барысындағы тийкарғы ўазыйпалар сыпатында төмендегилер белгиленген: әмелдеги нызам ҳүжжетлерин демократиялық ҳәм инсан ҳуқықлары тараўындағы халық аралық нормаларға муўапықлығын үйрениў; Өзбекстан Республикасы нызам ҳүжжетлерин демократиялық ҳәм инсан ҳуқықлары тараўындағы нормалар ҳәм стандартларға муўапықластырыў жүзесинен усыныслар ислеп шығыў; инсан ҳуқықлары тараўындағы халық аралық ҳуқықый нормаларды Өзбекстан Республикасының әмелдеги нызам ҳүжжетлерине енгизиў жүзесинен усыныслар ислеп шығыў; институтлар ҳәм халық аралық шөлкемлер менен Өзбекстанда инсан ҳуқықлары мониторинги тараўында бирге ислесиўди раўажландырыўға қаратылған усыныслар таярлаў ҳәм басқалар.

Усы орында атап өтсек, Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлиги ҳаққындағы Режениң II-бөлими жетинши бәнтинде министрликти Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Инсан хукықлары бойынша ўәкили (омбудсман) ҳәм Инсан ҳуқықлары бойынша Өзбекстан Республикасы Миллий орайы менен өз-ара қатнасықта болыўы белгиленген, лекин бунда Өзбекстан Республикасы Президенти жанындағы Әмелдеги нызам ҳүжжетлери мониторинги институты нәзерде тутылмаған[2]. Усы сыяқлы жағдайды Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлиги "Инсан ҳуқықларын қорғаў басқармасы ҳаққында"ғы Режениң 6,1 бәнтинде де көриў мүмкин[3].

Бул институт мәмлекетимизде инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаў жүзесинен қарар тапқан системаның әҳмийетли бууыны есапланады. Бул бойынша ҳуқықтаныўшы алымлар Ғ.Ахмедов ҳәм А.Сатторовлардың

[1] Қараң: Ўзбекистон Республикаси Қонун ҳужжатлари тўплами. 2005. -№14 (150). -100-модда.

[2] Қараң: Ўзбекистон Республикаси Қонун ҳужжатларитўплами. 2003. -№15. -138-модда.
[3]Қараң: Ўзбекистон Республикаси Адлия вазирлигининг2005 йил бўйича архиви.

төмендеги пикирлерин келтирип өтиў орынлы: "Бирлескен Миллетлер Шөлкеминиң Инсан ҳуқықларына бағышланған Екинши улыўма жәҳән конференциясының усынысларына муўапық, инсан ҳуқықлары бойынша миллий институтлар системасы жаратылды. Бул системаға Инсан ҳуқықлары бойынша Олий Мажлис ўәкили (омбудсман), Президент жанындағы Әмелдеги нызамшылық мониторинги институты, Инсан ҳуқықлары бойынша Өзбекстан Республикасы Миллий орайы киреди"[1]. Р.А.Муҳитдиновтың пикиринше, "Әдиллик министрлиги ҳәм судлар, Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң Инсан ҳуқықлары бойынша ўәкили (Омбудсман), Өзбекстан Республикасы Президенти жанындағы Әмелдеги нызам ҳүжжетлери мониторинги институты, Инсан ҳуқықлары бойынша Өзбекстан Республикасы Миллий орайы менен бир қатарда инсан ҳуқықларын қорғаў мәселелери менен шуғылланатуғын тийкарғы шөлкем есапланады"[2].

Жоқарыдағылардан келип шыққан ҳалда, пикир билдирсек, Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлиги ҳаққындағы Режениң П-бөлими 7-бәнтинде әдиллик уйымларының инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўдеги хызметинде бирге ислесиў субъекти сыпатында Өзбекстан Республикасы Конституциялық суды, Өзбекстан Республикасы Жоқарғы суды, Өзбекстан Республикасы Жоқарғы хожалық суды, Өзбекстан Республикасы Президенти жанындағы Әмелдеги нызам ҳүжжетлери мониторинги институты ҳәмде басқа тийисли министрлик ҳәм мәкемелерди де киргизиў лазым.

Усы орында, бул институт пенен әдиллик министрлиги ортасында бирге ислесиўдиң тийисли механизмлери жетерли тәризде жолға қойылмағанлығы себепли олардың хызметинде айырым машқалалар келип шығып атырғанлығын атап өтиў лазым. Бул бойынша М.А.Ахмедшоева

---

[1]Қараң: Аҳмедов Ғ., Сатторов А. Ўзбекистон: инсон ҳуқуқлари ва қонунлар. - Тошкент: Адолат, 1999. - Б.3

[2]Мухитдинов Р.А. Ҳуқуқ ва эркинликларни ҳимоя қилиш // HUQUQ va BURCH.- Тошкент, 2009. -№3. Б. 14

атап өткениндей, "...усы институт ҳәм Әдиллик министрлиги хызметиниң нызам жойбарларына экспертиза жуўмақларын бериў барысындағы хызметин муўапықластырыў зәрүр. Бундай бирге ислесиў усы еки уйым хызметинде пайда болыўы мүмкин болған қайтарыўлардың алдын алыўы мүмкин"[1]. Усы орында, бүгинги күнде норматив-ҳуқықый ҳүжжетлерди ҳуқықый экспертизадан өткериў механизмлерин жәнеде жетилистириў бойынша ҳуқықтаныўшы алымлар Х.Т.Одилқориев ҳәм И.Т.Тультеевлардиң төмендеги пикирлери итибарға ылайық: "Мәмлекетлик уйымлар, жәмийетлик бирлеспелер, илим изертлеў мәкемелери, ҳуқықтаныўшы алымлар ҳәм пуқаралардың нызам ҳүжжетлерин жетилистириў жүзесинен берген барлық усынıслары пуқта үйренип шығылыўы ҳәм толық итибарға алыныўын шөлкемлестириў зәрүр. Бул нызам дөретиўшилиги хызметин режелестириўде, жаңа нызам жойбарларын таярлаў ҳәм додалаўда үлкен жәрдем береди"[2]. Бирақ усы тараўдағы ислерди жетерли дәрежеде жолға қойылған деп болмайды. Бунық тийкарғы себеплери сыпатында биринпиден, ҳуқықтаныўшы алымлар ҳәм пуқаралардың нызам ҳүжжетлерин жетилистириў жүзесинен билдирилген усынысларды үйрениўдиң  ҳуқықый тийкарлары жетерли дәрежеде қәлиплестирилмеген. Екиншиден, бул ислерди системалы әмелге асырыў белгили бир мәмлекетлик уйым яки изертлеў мәкемесиниң жууапкершилигине тиккелей бекитилмегенлигин атап өтиў лазым.

Әдиллик уйымлары басқа мәмлекетлик уйымлардан парықлырақ, инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў бойынша тийисли ҳуқық нормаларына әмел қылыў жүзесинен барлық ҳалатларға қарата

---

[1]Қараң: Ахмедшоева М. Қонун ҳужжатлари мониторингини мувофиклаштиришнинг айрим жиҳатлари.// Қонун ҳужжатлари мониторинги: назария ва амалиёт масалалари. Илмий-амалий семинар материаллари. -Тошкент: Ўзбекистон Республикаси Президенти ҳузуридаги Амалдаги қонун ҳужжатлари мониторинги институти, 2006. -Б.46

[2]Одилқориев Ҳ.Т., Тулътеев И.Т. Икки палатали парламент. 2-нашр. - Тошкент: Ўзбекистон Республикаси ИИВ Академияси, 2005. -Б.1 86.

салыстырмалы қадағалаў функциясын орынлап барады ҳәм ҳуқық қорғаў уйымлары менен жақыннан қатнасықта болып, олардың хызметиниң айырым формаларында да қатнасыў ҳуқықларына ийе. Бундай түрдеги хызмет нәтийжесинде әдиллик уйымлары инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў мақсетинде олардың арнаўлы қорғалыўы менен шуғылланатуғын субъектлердиң хызметин, солар қатарында бул бойынша нызамшылықты жетилистириў жүзесинен тийисли шаралар көриўде қарым-қатнасықты жақсылаў ролин атқарады.

Өзбекстан Республикасы "Пуқаралардың мүрәжатлары ҳаққында"ғы нызамының 22-статьясында пуқаралардың мүрәжатлары менен іслесиўдиң анализин алып барыў, усы мүрәжатларды көрип шығыўшы мәмлекетлик уйымлардың жуўапкершилигине жүклеў менен шегараланған[1].

Өз нәўбетинде бундай анализ бизиң пикиримизше, улыўма мәмлекетлик дәрежеде де алып барылыўы лазым. Оның тийкарында пуқаралардың мүрәжатлары менен ислеў процессинде жүзеге келетуғын машқалаларды анықлаў ҳәм улыўмаластырыў мүмкин болады ҳәмде усы машқалаларды шешиў жүзесинен мәмлекетлик дәрежедеги тийкарланған шараларды қоллаў имканияты жүзеге келеди. Усы тәрептен алғанда, бизиң пикиримизше, бул ўазыйпаны әдиллик уйымлары жуўапкершилигине жүклеў ҳәм усы ислер бойынша жуўапкер етип Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлигиниң Инсан ҳуқықларын қорғаў басқармасын белгилеў лазым. Жоқарыдағылардан келип шығып, Өзбекстан Республикасы "Пуқаралардың мүрәжатлары ҳаққында"ғы нызамының 22-статьясында төмендеги тәризде жаңа екинши бәнтин киргизиў мақсетке муўапық: "Пуқаралардың мүрәжатларын улыўмаластырыў ҳәм анализин алып барыў улыўма мәмлекетлик дәрежеде Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлиги тәрепинен әмелге асырылады". Усындай түрдеги қосымшаны Өзбекстан Республикасының "Пуқаралардың ҳуқықлары ҳәм еркинликлерин бузатуғын ис-ҳәрекетлер ҳәм қарарлар үстинен судқа

[1]Қараң: Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами". 2003. -№1-2, -2-модда.

шағым етиў ҳаққында"ғы нызамға да киргизиў лазым.

Әдиллик уйымларының инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў системасындағы тутқан орнын анализ қылыў нәтийжесинде төмендеги жуўмақларға келиў мүмкин:

Биринշиден, инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў хызметиниң қәнигелесиўине қарап усы тараўдағы системаны пайда етиўши субъектлерди еки тийкарғы түрге бөлиў мақсетке муўапық: биринши түрдеги субъектлер-инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў бойынша улыўма хызмет көрсететуғын субъектлер, екиншиси инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў бойынша арнаўлы хызмет жүргизиўши субъектлер.

Екиншиден, әдиллик уйымлары инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тиккелей қорғаўды әмелге асырмайтуғын, бәлким олар усы ўазыйпаны әмелге асырыўға көмеклесиўши функцияны атқарады.

Үшиншиден, әдиллик уйымларын олардың ўәкилликлери шеңберинен келип шығып, инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўде улыўма субъектлер системасына киргизиў мүмкин.

Жуўмақ сыпатында айтсақ, Конституцияда инсан ҳуқықлары ҳәм еркинликлери жоқары қәдирият сыпатында тән алынған. Усы конституциялық принцип мәмлекетлик сиясаттың баслы бағдары сыпатында белгиленип, бир ўақыттың өзинде инсан турмысының барлық көринислерине қаратылған ҳәмде оның сиясий, ҳуқықый, экономикалық, социаллық ҳәм мәдений тараўларындағы мәплерин өз ишине қамрап алған.

Инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў бойынша мәмлекетлик сиясаттың баслы бағдарлары тийкарғы формадағы сиясий-ҳуқықый ҳүжжетлерде сәўлеленген болады: биринշиси, бул халық аралық ҳуқықый норматив ҳүжжетлерде, екиншиси, нызам ҳәм нызам асты ҳүжжетлерде; үшиншиси, Өзбекстан Республикасы Президентиниң баянатлары ҳәм мийнетлеринде алға сүрилген идеялар ҳәм принциплеринде.

Мәмлекетимизде әмелде болған нызам ҳүжжетлерин халық аралық ҳуқық нормаларына сәйкеслигин анализ қылып барыў жүзесинен арнаўлы система жаратылған.

Пуқаралық жәмийетти қәлиплестириўде тийкарғы ўазыйпа сыпатьнда инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў идеясы мәмлекетлик сиясаттың баслы бағдарларын қураса, онда усы ўазыйпаны шешиў ушын инсанға қарата бир ўақыттың өзинде ҳәм объект, ҳәм субъект сыпатында қаралыўы лазым.

Инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў-мәмлекетлик сиясаттың баслы бағдары екенлиги, биринширен усы ҳуқық ҳәм еркинликлердиң Конституция ҳәм нызамларда, оларды әмелге асырыў ушын хызмет қылыўшы ҳүжжетлерде беккемленгенлигинде, екиншиден, усы норматив ҳүжжетлер ҳәмде инсан ҳуқықларына тийисли халық аралық нормалар тийкарында хызмет жүргизиўши инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаўшы нәтийжели системаның жаратылғанлығында, үшиншиден, мәмлекетте әмелге асырылып атырған барлық реформалар мазмунында инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўге қаратылған илажлар жатыўында көринеди.

Инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаў тийкарғы ўазыйпаларынан есапланатуғын мәмлекетлик уйымлар системасына; суд, прокуратура, әдиллик уйымлары, ишки ислер уйымлары киреди. Жоқарыдағылар менен бирге, тиккелей төмендеги мәмлекетлик институтлардың хызмети де усы мәселелерге қаратылған: Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң Инсан ҳуқықлары бойынша ўәкили (Омбудсман), Инсан ҳуқықлары бойынша Өзбекстан Республикасы Миллий орайы, Өзбекстан Республикасы Президенти жанындағы Әмелдеги нызам ҳүжжетлери мониторинги институты. Әдиллик уйымлары инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўдеги субъектлердиң биринши түрине тийисли болып, олар инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тиккелей қорғаў менен шуғылланбастан, бул тараўдағы хызметин басқа ўазыйпалар менен бирге

қосып алып барады. Олардың тийкарғы ўазыйпасы ҳуқықый кепилликлерин жаратыў ҳәмде инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаўда қатнасыўында көринеди.

Әдиллик уйымлары басқа мәмлекетлик уйымлардан парықлырақ, инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў барасында тийисли ҳуқық нормаларына әмел қылыў жүзесинен барлық ҳалатларға қарата салаыстырмалы-бақлаў функциясын орынлап барады ҳәм ҳуқық қорғаў уйымлары менен жақыннан қатнаста болып, олардың хызметиниң айырым ҳуқықый формаларында да қатнасыў ҳуқықларына ийе. Бундай түрдеги хызмет нәтийжесинде әдиллик уйымлары инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў мақсетинде олардың арнаўлы қорғалыўы менен шуғылланыўшы субъектлердиң хызметин, солар қатарында, нызамшылықты жетилистириў жүзесинен тийисли шаралар көриўде тийкарғы қурал ролин атқарады.

## II бап бойынша жуўмақлаў

Өзбекстанда инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў менен шуғылланыўшы арнаўлы мәмлекетлик уйымлар ҳәм институтлар, яғный субъектлердиң ҳуқықый ҳалатын тәртипке салыўшы ҳуқықый ҳүжжетлерде оларды инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў менен байланыслы хызметиниң тийкарғы бағдарлары белгилеп қойылыўы керек. Бул арнаўлы мәмлекетлик уйымлар ҳәм институтлардың бир-бири менен инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў барысындағы хызметлерин нәтийжели ҳәм мақсетли муўапықластырыў имканиятын береди.

Басқа мәмлекетлик уйымларының ўазыйпаларынан парықлырақ, Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлиги ҳаққындағы Режеге муўапық министрликтиң тийкарғы ўазыйпаларынан бири сыпатында "жәмийетте ҳуқықый сана, ҳуқықый мәдениятты асырыўға ҳәм нызамшылықты беккемлеўге бағдарланған ҳуқықый үгит-нәсият бойынша мәмлекетлик уйымлар хызметин муўапықластырыў" мәселелери белгиленген.

Әдиллик уйымларының инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў системасындағы тутқан орнын анализ қылыў нәтийжесинде төмендеги жуўмақларға келиў мүмкин:

Биринишиден, инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў хызметиниң қәнигелесиўине қарап усы тараўдағы системаны пайда етиўши субъектлерди еки тийкарғы түрге бөлиў мақсетке муўапық: биринши түрдеги субъектлер-инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў бойынша улыўма хызмет көрсететуғын субъектлер, екиншиси инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў бойынша арнаўлы хызмет жүргизиўши субъектлер.

Екиншиден, әдиллик уйымлары инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тиккелей қорғаўды әмелге асырмайтуғын, бәлким олар усы ўазыйпаны әмелге асырыўға көмеклесиўши функцияны атқарады.

Үшиншиден, әдиллик уйымларын олардың ўәкилликлери шеңберинен келип шығып, инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўде улыўма субъектлер системасына киргизиў мүмкин.

Жуўмақ сыпатында айтсақ, Конституцияда инсан ҳуқықлары ҳәм еркинликлери жоқары қәдирият сыпатында тән алынған. Усы конституциялық принцип мәмлекетлик сиясаттың баслы бағдары сыпатында белгиленип, бир ўақыттың өзинде  инсан турмысының барлық көринислерине қаратылған ҳәмде оның сиясий, ҳуқықый, экономикалық, социаллық ҳәм мәдений тараўларындағы мәплерин өз ишине қамрап алған.

## III Бап . Әдиллик уйымларының инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў барысындағы хызметиниң ҳуқықый тийкарлары

### 3.1. Әдиллик уйымларының инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў барысындағы хызметиниң ҳуқықый тийкарларын жетилистириў мәселелери

Атап өтиў орынлы, белгили бир мәмлекетте инсан ҳуқық ҳәм еркинликлериниң тәмийинлениўи усы мәмлекеттиң ҳәр тәреплеме жетилисиўи, турмыс тәрзиниң жақсыланыўы, экономикалық тәмийинлениў дәрежесиниң өсиўи, халық аралық қатнасықларда абырайының арттыўына хызмет қылады.

Демократиялық мәмлекетлер әмелиятында инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўдиң ҳәр қыйлы механизм ҳәм усыллары ислеп шығылған. Өз орнында усы механизм ҳәм усыллардың нәтийжесин төмендеги бир қатар факторлар тийкарында баҳалаў мүмкин:

-инсан ҳуқық ҳәм еркинликлери сәўлеленген нызамшылық ҳүжжетиниң ҳуқықый статусы (Конституция, Конституциялық нызам, нызам яки нызам асты актлери);

-инсан ҳуқық ҳәм еркинликлериниң кепилликлери қайсы нызам тийкарында белгиленгенлиги (сиясий, Конституциялық, ҳуқықый ҳәм басқалар);

-инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин әмелге асырыў механизминиң нормаларын кепиллеўши уйым статусы (Президент, Парламент, ҳүкимет, арнаўлы институтлар);

-инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўши уйымлардың улыўма системасы ҳәм механизминиң бар екенлиги ҳәм басқалар.

Инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў жәмийеттиң барлық тараўларындағы раўажланыўының тийкары есапланады, себеби инсан ҳуқық ҳәм еркинликлери тәмийинленген жәмийетте бәсекешилик орталығы пайда болады. Сонлықтан, ҳуқықый демократиялық мәмлекет -

инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў арқалы ғана пайда болған социаллық сап бәсекениң өними сыпатында сәўлеленеди. Инсан ҳуқықлары ҳәм ҳуқықый мәмлекет категорияларының өз-ара қатнасықларын терең изертлеген Б.Кистяковскийдиң пикиринше, "Ҳуқық үстинлиги, инсан ҳуқықлары үстинлиги ҳуқықый мәмлекеттиң тек ғана белгиси болып ғана қалмай, ақыр-ақыбетинде оның ең тийкарғы нәтийжеси есапланады. Лекин, инсан тәрепинен өзиниң ажыралмас ҳуқық ҳәм еркинликлериниң әмелге асырылыўы-хәр қандай сиясий, ҳуқықый, социаллық раўажланыў гиреўи. Сол себепли, инсан ҳуқықлары үстинлиги идеясы ҳәкимият ҳәм шахс ортасындағы қатнасықларға тийисли хәр қандай теорияның орайында турыўы лазым"[1].

Бул ҳаққында россиялы алым А.А.Мишиннинг пикиринше, "Инсанның ҳуқық ҳәм еркинликлери Конституциялық ҳәм судлаў кепилликлери менен тәмийинленеди"[2]. Ҳақыйқаттанда, инсан ҳуқықларын тәмийинлеў механизминиң нәтийжелилиги көп тәреплеме конституциялық кепилликлердиң жетерли дәрежеде реал болыўы, анықлығы, қай дәрежеде нызам ҳәм нызам асты ҳүжжетлери менен тәртипке салынғанлығына байланыслы.

Атап өтетуғын болсақ, мәмлекетимиз ғәрезсизликке ерискеннен кейин инсан ҳәм пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаў ҳәм олар бузылған жағдайларда қайта тиклеўдиң нәтийжели системасы қәлиплестирилип келинбекте. Усы система хызмети пуқаралардың нызамларға қатаң әмел етиўлери, олардың жәмийет ҳәм мәмлекет алдындағы социаллық ҳәм юридикалық жуўапкершилигин аңлап жетиўлери, социаллық әдиллик, инсанпәрўарлық, демократизм, нызамшылық, инсан, шахс ҳуқықларын Конституция ҳәм нызам менен қатаң ҳәм исенимли қорықланғанлығы, нызамда қадаған етилмеген барлық ҳәрекетлердиң исклениўине рухсат берилгенлиги де айыпсызлық

---

[1]Қараң: Кистяковский Б. Государство правовое и социальное // Вопросы философии.-М., 1990. -№6. -С.143

[2]Қараң: Мишин А,А. Конcттуционное праю зарубежных стран. - М.: Белые альвы, 1996. -С.246

презумпциясы принциплерине таянады.

Усы орында, инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаў жүзесинен арнаўлы миллий институтлардың орны ҳәм әҳмийети жоқары екенлигин де атап өтиў зәрүр. Өзбекстанда инсан ҳәм пуқаралар ҳуқықлары ҳәм еркинликлерин қорғаўшы уйымлар системасына Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң Инсан ҳуқықлары бойынша ўәкили (Омбудсман), Инсан ҳуқықлары бойынша Өзбекстан Республикасы Миллий орайы, Өзбекстан Республикасы Президенти жанындағы Әмелдеги нызам ҳүжжетлери мониторинги институты киреди. Жоқарыда келтирилген шөлкемлер менен бирге, оған Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлиги, Ишки ислер министрлиги, Бас прокуратура системасындағы инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаў ҳәм тәмийинлеў хызмети менен шуғылланатуғын дүзилмелерин де киргизиў мүмкин.

Усы орында, Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримовтың төмендеги пикирлерин келтирип өтиў орынлы: "Инсан ҳуқықларына әмел етилиўи үстинен мониторинг ҳәм қадағалаўды тәмийинлеўши мәкемелик дүзилмелерди дүзиўде әҳмийетли ўазыйпа есапланады. Олий Мажлистиң Инсан ҳуқықлары бойынша ўәкили институтының, ҳуқықый жәмийет шөлкемлериниң абыройы ҳәм статусын көтериў зәрүр. Инсан ҳуқықларын қорғаў тараўындағы Омбудсман институты, Жәмийетшилик пикири институты, Әмелдеги нызам ҳүжжетлери мониторинги институты, Инсан ҳуқықлары Миллий орайы сыяқлы шөлкемлерди раўажландырыў ҳәмде басқа жаңа институтларды шөлкемлестириў лазым. Бир сөз бенен айтқанда, инсан ҳуқықлары ҳәм еркинликлерине әмел етилиўин басқарыў ҳәм қадағалаўдың жаңа нәтийжели механизмлерин пайда етиў зәрүр есапланады"[1].

Ғәрезсизлик жылларында мәмлекетимизде жоқарыдағы институтлар менен биргеликте, әдиллик уйымлары тәрепинен инсан ҳуқық ҳәм

---

[1] Каримов И.А. Янгича фикрлаш ва ишлаш - давр талаби. Т. 5. -Тошкент: Ўзбекистон, 1997.- Б.119

еркинликлерин тәмийинлеўге қаратылған хызметтиң беккем ҳуқықый тийкарлары жаратылды.

Усы орында, әдиллик уйымларының бул бойынша хызметин тәртипке салыўшы ҳуқықый тийкарлар өзине тән өзгешеликлерге ийе екенлигин атап өтиў лазым. Усы тән өзгешелик әдиллик уйымларының хызмети инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў бойынша мәмлекеттиң арнаўлы ўазыйпасын орынлаўға бағдарланғанлығы ҳәмде усы мақсет жүзесинен оларға арнаўлы ўәкилликлер берилгенлигинен келип шығады.

Бизиң пикиримизше, әдиллик уйымларының инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўге тийисли хызметиниң ҳуқықый тийкарларын үш түрге ажыратып анализ қылыў мүмкин.

**Биринshиси**, мәмлекеттиң социаллық тәбиятын, оның инсан ҳәм жәмийет пенен өз-ара мүнәсебетлерин белгилеп бериўши норма принциплер болып табылады. Бул норма-принциплер улыўма характерге ийе болып, олар халық аралық ҳуқықый ҳүжжетлерде, Конституцияда, конституциялық нызамларда ҳәм басқа сиясий-ҳуқықый ҳүжжетлерде өз көринисин тапқан.

Инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин белгили бир мәмлекетке тән болған дәстүрлерде ҳәм де илимий теориялар тәсири астында қәлиплескен концепция есапланады. Бул бойынша А.Х.Саидов атап өткениндей, "Инсан ҳуқықлары пүткил инсаныяттың умтылысларын, арзыў-үмитлерин өзинде жәмлеген кең қамраўлы түсиник болып табылады... Инсанийат өз тарийхый раўажланыўы процессинде инсан ҳуқықларына тийисли нызамшылық системасын жаратқан. Инсан ҳуқықлары ҳаққындағы нызамшылық инсан ҳәм пуқара ҳуқықлары ҳәм еркинликлери ҳаққындағы нызамлар жыйындысы. Бул нызамлар қатарына инсан ҳуқықлары бойынша халық аралық ҳүжжетлер ҳәм миллий нызамлар киреди"[1].

Атап өтетуғын болсақ, бүгинги күнде инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерине тийисли беккем халық аралық ҳуқықый стандартлар

[1] Инсон ҳуқуқлари. -Тошкент: Адолат, 1997. -Б.6

системасы қəлиплескен. Солардан, ҳəзирги күнге шекем БМШ Бас Ассамблеясы тəрепинен 70 ке жақын, Европа Кеңеси тəрепинен 160 тан зыят, ЮНЕСКО тəрепинен 70 тен артық, Европа Қəўипсизлик ҳəм Бирге ислесиў шөлкеми тəрепинен 30 дан артық, ҳəр түрли аймақлық шөлкемлер тəрепинен де көплеген инсан ҳуқық ҳəм еркинликлерине байланыслы халық аралық шəртнамалар, конвенциялар, декларациялар, пактлер қабыл қылынған. Буның нəтийжесинде бүгинги күнде ҳəммеси болып инсан ҳуқық ҳəм еркинликлерине тийисли 400 ге жақын халық аралық ҳүжжетлер бар. Бул халық аралық ҳүжжетлерде инсан ҳуқықларына байланыслы жəҳəн стандартлары белгилеп қойылған ҳəм олардың миллий нызамлардан үстинлиги принципи көпшилик мəмлекетлер тəрепинен тəн алынған[1].

Инсан ҳуқықлары улыўма жəҳəн декларациясы Өзбекстан Республикасы ғəрезсизликке ерискеннен кейин қосылған биринши халық аралық ҳуқықый ҳүжжет болды. Демократиялық, ҳуқықый мəмлекет, күшли пуқаралық жəмийетти қурыў жолын таңлаған Өзбекстан инсан ҳуқықлары ҳəм мəплерин раўажландырыўды мəмлекет дүзилисиниң, пүткил ишки ҳəм сыртқы сиясатының ең баслы бағдары етип белгиледи. Ғəрезсизлик жылларында мəмлекетимиз инсан ҳуқықлары бойынша 60 қа жақын тийкарғы халық арылық ҳүжжетлерге қосылды, БМШ тəрепинен бул тараўда қабыл қылынған алты тийкарғы халық аралық шəртнама қатнасыўшысына айланды.

Инсан ҳуқықлары улыўма жəҳəн декларациясының қағыйдалары Өзбекстан Республикасы Конституциясы, инсанның сиясий, экономикалық, социаллық ҳəм мəдений ҳуқық ҳəм еркинликлериниң исенимли қорғалыўы миллий нызамшылық нормаларында өз сəўлелениўин тапқан.

Бул ҳаққында Президентимиз И.А.Каримов төмендегилерди атап өткен еди: "Тийкарғы нызамымызда биринши нəўбетте шахс мəплерин

---

[1] Инсон хуқуқлари. -Тошкент: Адолат, 1997. -Б.7

мәмлекет мәплеринен үстин етип белгиленгенлиги, инсан, оның ҳуқық ҳәм еркинликлери ҳәмде мәплери жоқары қәдирият сыпатында беккемленип қойылғанлығын және бир мәртебе атап өтиў орынлы, деп билемен. Мине бундай талапты тек ғана нызамларымыз ҳәм ҳуқықый нормаларымызда белгилеп бериў, бәлким бул баслы принципти турмысымызға енгизиў әҳмийетке ийе есапланады"[1].

Усы орында атап өтетуғын болсақ, жоқарыда келтирип өтилген халық аралық ҳуқықый нормалар ҳәм Өзбекстан Республикасы Конституциясы, Өзбекстан Республикасының Конституциялық нызамлары ҳәм нызамлардың тийисли статьялары менен беккемленип қойылған нормалар мәмлекетлик ҳәкимияттың тийисли уйымлары, солар қатарында, әдиллик уйымларының да инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўге қаратылған әҳмийетли ҳуқықый тийкарлары есапланады.

Мәмлекетлик ҳәкимиятты, атап айтқанда, әдиллик уйымларын шөлкемлестириўдиң конституциялық принциплери Өзбекстан Республикасы Конституцияның "Мәмлекетлик ҳәкимияттың шөлкемлестирилиўи" деп аталған XVIII бабында беккемленип қойылған. Усы конституциялық қағыйдалар әдиллик уйымларының шөлкемлесиўине де тийисли болып, оларда мәмлекетлик уйымлардың ўәкилликлериниң басланғыш тийкарлары көрсетилген.

Солардан, Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң ўәкиллигине Конституцияның 78-статьясының бесинши бәнтине муўапық Өзбекстан Республикасы нызам шығарыўшы, атқарыўшы ҳәм де суд ҳәкимияты уйымлары системасын ҳәм ўәкилликлерин белгилеў киреди.

Сондай-ақ, Өзбекстан Республикасы Президентиниң бул бойынша тийисли конституциялық ўәкилликлери Конституцияның "Өзбекстан Республикасы Президенти атқарыўшы ҳәкимият девонын дүзеди ҳәм оған басшылық қылады" (93-статья сегизинши бәнт); "Өзбекстан Республикасы

---

[1] Каримов И.А. Инсон, унинг ҳуқуқ ва эркинликлари - олий қадрият. Т. 14. -Тошкент: Ўзбекистон, 2006. -Б.62-63

Бас ўәзириниң усынысына муўапық Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң ағзаларын тастыйықлайды ҳәм лаўазымларынан босатады" (93-статья он биринши бәнт) деп белгилеп қойылған. Өзбекстан Республикасы Президентиниң усы ўәкилликлерин әмелге асырыў менен байланыслы хызмети атқарыўшы ҳәкимият системасына кириўши Әдиллик министрлигине де тийисли болып табылады.

Жоқарыдағылардан келип шығып, Өзбекстан Республикасының Конституциясында әдиллик уйымлары хызметиниң институционаллық тәреплериниң беккемлениўи жүзесинен төмендегише жуўмақ қылыў мүмкин: бириншиден, әдиллик уйымларын дүзиўде Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси, Өзбекстан Республикасы Президенти ҳәм Бас ўәзир биргеликте қатнасады; екиншиден Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси әдиллик уйымларының системасын белгилеп береди; үшиншиден, әдиллик министри лаўазымын тастыйықлаўда Өзбекстан Республикасы Президенти ҳәм Бас ўәзир биргеликте қатнасады.

Әдиллик уйымларының функционаллық тәреплери олар хызметин шөлкемлестириў менен байланыслы мәселелерди нәзерде тутады. Бул ҳаққындағы ҳуқықый тийкарлар Өзбекстан Республикасының Конституциясында төмендегише өз сәўлелениўин тапқан: Конституцияның 78-статьясы бесинши бәнтине муўапық Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси: "атқарыўшы ҳәкимият уйымларының ўәкилликлерин белгилейди"; Конституцияның 89-статьясына муўапық: Өзбекстан Республикасының Президенти "мәмлекет баслығы"; он алтыншы бәнтине көре: "Өзбекстан Республикасиының Президенти республикада мәмлекетлик басқарыў уйымларының ҳүжжетлерин тоқтатады, бийкар қылады"[1].

Әдиллик уйымларын шөлкемлестириў ҳәм олардың хызметине байланыслы Конституциядан келип шығатуғын ҳуқықый ҳалатларды

[1] Қараң: Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси. -Тошкент: Ўзбекистон, 2012.

анализ қылыў нәтийжесинде төмендегише жуўмаққа келиў мүмкин: бириншиден, Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси усы уйымлар хызметиниң улыўма характерге ийе болған ҳуқықый тийкарларын белгилеў менен шегараланған ҳәм әдиллик уйымларына тиккелей тәсир көрсетиў, олар менен турақлы байланыста болыў ҳәм олардың да институционал ҳәм функционал конституциялық тийкарларының тәреплерине тәсир етиў ўәкилликлерине тийисли нормалар Конституцияда көзде тутылмаған; екиншиден, әдиллик уйымларының шөлкемлестирилиўи ҳәм хызметиниң конституциялық тийкарларына тийисли мәселелер Өзбекстан Республикасының Президенти ўәкилликлери шеңберине киреди.

Институционаллық тәрептен әдиллик уйымларын қәлиплестириў жүзесинен тийкарғы ўәкилликлердиң Өзбекстан Республикасы Президентине берилиўи мақсетке муўапық екенлигин атап өткен ҳалда, бизиң пикиримизше, функционаллық тәрептен әдиллик уйымлары хызметин қадағалаў менен байланыслы ўәкилликлерди Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисине бериў лазым. Соның менен бирге, Конституцияда бир тәрептен әдиллик уйымларының Олий Мажлис алдындағы жуўапкерлиги Министрлер Кабинетиниң улыўма жуўапкерлиги арқалы да өз сәўлелениўин тапқанлығында атап өтиў лазым.

Усы жуўапкершиликтиң әмелге асырылыўын тәмийинлеў мақсетинде бизиң пикиримизше, Конституцияда Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң ўәкиллиги сыпатында Парламент тыңлаўлары ҳәм ҳүкимет ағзаларын, соның ишинде, әдиллик министриниң де хызмети жүзесинен есабатларын тыңлаў тәртибин енгизиў лазым. Бул бойынша Өзбекстан Республикасының Президенти И.А.Каримов, "Бизиң алдымызда турған және бир мәселе қабыл қылынған нызамларымыздың орынланыўын тәмийинлеўден ибарат...

Сиз, ҳүрметли депутатлар нызамларды қабыл қылар екенсиз, олардың орынланыўы менен де қызығыўыңыз, керек болса, тийисли лаўазымлы

басшылардан, биринши нәўбетте, атқарыўшы ҳәкимияттан соны талап қылыўыңыз лазым"[1] -деп пикир билдирген еди.

Усы мәселелер жүзесинен сырт ел мәмлекетлериниң тәжирийбесин ҳәм әмелиятын анализ қылатуғын болсақ, төмендегилердиң гуўасы боламыз: мәселен, Қазақстан Конституциясының 57-статьясы алтыншы бәнтинде: "Парламенттиң ҳәр бир  Палатасы бир-биринен ғәрезсиз ҳалда палаталар депутатларының улыўма муғдарының кеминде үштен еки бөлими даўысы менен ҳүкимет ағзалары нызамларды орынламаған жағдайда оны лаўазымынан босатыў бойынша Президентке мүрәжат қылыўға ҳақылы"; Литва Конституциясының 101-статьясына муўапық: "Сеймның талабы бойынша Хүкимет яки оның айырым министрлери өз хызмети жүзесинен есабат бериўлери лазым. Егерде Сейм ағзаларының ярымынан көбиреги министрге исенимсизлик билдирсе, онда ол истеъфо бериўи керек"[2], деген қағыйдалар бар.

Конституцияда есабат бериўдиң бундай механизминиң бар екенлиги жәмийетшилик қадағалаўы механизмин қәлиплестириў ҳәм беккемлеў принципине де мас келеди. Өз нәўбетинде, усы механизмди енгизиў лазымлығы ҳаққындағы талап реформалардың ҳәзирги тереңлесиў басқышында алға қойылмақта. Солар қатарында, Өзбекстан Республикасы "Референдум жуўмақлары ҳәм мәмлекетлик ҳәкимиятты шөлкемлестириўдиң тийкарғы принциплери ҳаққында"ғы Конституциялық нызамның 2-статьясының ақырғы бәнтинде реформалар принциплериниң бири сыпатында "атқарыўшы ҳәкимият уйымлары үстинен жәмийетшилик қадағалаўы механизмин қәлиплестириў ҳәм күшейттириў" идеясы белгиленген[3].

Соның менен бирге, әдиллик уйымларына, олар инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў барысындағы өз хызметлерин алып барыўында Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси тәрепинен оларға қарата тек ғана

---

[1] Каримов И.А. Ўзбекистон демократик тараққиётнинг янги босқичида. -Тошкент: Ўзбекистон, 2005. -Б. 19

[2] Қараң: Баишев Ж., Шакиров К. Конституции 16 стран мира. - Алматы: Жети жаргы, 1995. -С.121

[3] Қараң: Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси. 2002. -№ 4-5. -60-модда

жуўапкершилик нормаларын қоллап қоймастан, бәлким, оларға да Олий Мажлиске мүрәжат етиў ҳуқықларын бериў мақсетке муўапық деп есаплаймыз. Бул болса өз нәўбетинде, әдиллик уйымлары ҳәм Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў барысындағы өз-ара мүнәсебетлериниң және де күшейиўине ҳәм де олардың бул бойынша хызмети нәтийжесиниң асыўына алып келген болар еди.

Сол себепли, усы ҳуқықый механизм арқалы әдиллик уйымлары инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў барысындағы ўазыйпаларын орынлаўда тиккелей Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң ўәкилликлери менен байланыслы болған, яғный тийкарынан нызамшылықты бул барадағы ҳалат жүзесинен өзиниң мүнәсебетин билдирип барыў арқалы усы процесстиң жетилисиўине өз тәсирин көрсетиў имканиятына ийе болады.

Атап өтетуғын болсақ, бундай әмелият көп ғана сырт ел мәмлекетлериниң Конституцияларында өз сәўлелениўин тапқан. Мәселен, Германия Федератив Республикасы Конституциясының 43-статьясы екинши бәнтине муўапық: ...Ҳүкимет ағзалары ҳәм олардың ўәкиллери Бундестаг ҳәм оның комитетлериниң барлық мәжилислерине кириўи мүмкин. Олар қәлеген ўақытларда тыңлаўлары лазым, 53-статьяға көре: "Федерал ҳүкимет ағзалары Бундесрат ҳәм оның комитетлери мәжилислеринде қатнасыўға ҳақылы. Олар қәлеген ўақытларда тыңлаўлары лазым "; Испания Конституциясының 110-статьясы екинши бәнтине муўапық: "Ҳүкимет ағзалары палаталар ҳәм олардың комиссияларының мәжилислеринде қатнасыўға ҳәм тыңлаўға ҳақылы есапланады". Франция Конституциясының 31-статьясында: "Ҳүкимет ағзалары еки палата мәжилислерине де қатнасыўға ҳақылы. Олардың талабына муўапық олар тыңланыўлары лазым"[1], деп белгиленген.

Өзбекстан Республикасы Конституциясының 81-статьясы жетинши

---

[1] Қараң: Ўша манба. -Б.511

бәнтинде: "Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң Нызамшылық палатасы ҳәм Сенаты мәжилислеринде... Министрлер Кабинетиниң ағзалары... қатнасыўлары мүмкин. Бул жерде Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң ағзаларының, солар қатарында, әдиллик министриниң де, Олий Мажлисдеги қатнасыўы пассив ҳалатда берилгенлигин көриуимиз мүмкин. Яғный оларға палаталардың мәжилислеринде басшылық етиўши тәрепинен сөз берилсе ғана, олардың арнаўлы ҳуқықы әмелге асады, болмаса, Әдиллик министриниң мәжилистеги қатнасыўы менен ғана шегараланып қалады.

Усы арнаўлы конституциялық қағыйда Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң Нызамшылық палатасы[1] Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң Сенаты[2] ҳаққындағы Конституциялық нызамлардың 10-статьяларында беккемленген. Соның менен бирге, "Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасының Регламенти ҳаққында"ғы[3] ҳәм "Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Сенатының Регламенти ҳаққында"ғы[4] нызамларында усы мәселе итибардан шетте қалғанлығын атап өтиў лазым.

Ҳақыйқатында, әдиллик уйымларының инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў барысындағы хызметиниң әҳмийетли бағдарларынан бири, ең дәслеп нызамшылық процесси менен байланыслы. Бизиң пикиримизше, әдиллик министри менен Олий Мажлис палаталарының өз-ара мүнәсебетлеринде әдиллик министриниң де ҳуқықларын күшейттириў лазым. Бул бир-бирине қаратылған еки ҳуқықый ҳәрекет арқалы әдиллик министри ҳәм ол арқалы әдиллик системасындағы барлық уйымлардың хызмети активлеседи, себеби бир тәрептен оның жуўапкершиликли болыўына Олий Мажлистиң тәсир күши асады, екинши тәрептен, әдиллик министриниң нызамшылық процессине белсене

---

[1] Қараң: Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси. 2002. -№12. -215-модда
[2] Қараң:Ўша манба. -216-модда
[3] Қараң: Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси. 2003. -№9-10. -136-модда
[4] Қараң: Ўша манба. -137-модда

қатнасыўы тәмийинленеди.

Соның менен бирге, ҳәзирги нызамшылық әмелиятында бундай ҳуқықый механизм бар екенлигин атап өтиў лазым. Буның нәтийжесинде әдиллик министри менен Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң палаталары бир-бири менен жетерлише актив қатнасыққа кирисе алмайды, яғный бар болған нызамшылықта биринщисинде де, екиншисинде де актив болыўға зәрүрли тийкар жарылмаған. Әмелде бар болған ҳуқықый механизм инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў барысында, әдиллик министри ҳәм Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң палаталарын бир-бири менен актив мүнәсебетке кирисип кетиўин тәмийинлей алмайды.

Бундай жағдайлар, Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов тәрепинен көрсетип өтилген төмендеги унамсыз ҳалатлардың жүзеге келиўине себеп болмақта: "Атап айтқанда, инсан ҳуқық ҳәм мәплерин қорғаў, халықтың тәмийинлениўи ҳәм социаллық машқалаларын шешиў сыяқлы әҳмийетли мәселелерге немқурайлық пенен қараў, нызам бузыўшылық, дәмегөйлик, өз хызмет ўазыйпасынан пайдаланыў ҳалатлары елеге шекем ушырасып турғанлығы, бундай унамсыз көринислерди нызам тийкарында сапластырыў ҳаққында еле көп бас қатырыў керек..."[1].

Өзбекстан Республикасы Президенти тәрепинен көрсетилген усы кемшиликлерди сапластырыў ҳәм буның ушын әдиллик уйымларының бул барадағы хызмети нәтийжесин асырыў мақсетинде "Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң Нызамшылық палатасы ҳаққында"ғы ҳәмде "Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң Сенаты ҳаққында"ғы Конституциялық нызамларға төмендеги мазмунда қосымша ҳәм өзгерислер киргизиў мақсетке муўапық: биринщиси, бул ҳүкимет ағзаларын, атап айтқанда, әдиллик министри, палаталардың мәжилисинде қәлеген ўақтында тыңлаўға ҳақылы екенлиги, екиншиси палаталардың

---

[1] Қараң: Каримов И.А. Ўзбекистон демократик тараққиётнинг янги босқичида. -Тошкент: Ўзбекистон, 2005. -Б.68

ҳүкимет ағзаларының, солар қатарында әдиллик министриниң де нызамларды орынлаў барысындағы есабатларын еситиў ҳуқықын киргизиў менен байланыслы нормалар.

Әдиллик уйымларының инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў барысындағы хызметиниң кейинги әҳмийетли тараўы суд ҳәкимияты менен байланыслы. Атап өтетуғын болсақ, усы тараўда әдиллик уйымларының суд ҳәкимияты уйымлары менен өз-ара мүнәсебетке кирисиўде өзине тән қәсийетлер бар. Бундай қәсийетлер әдиллик уйымларының судлар менен байланыслы болған хызметиниң тийкарғы ҳуқықый формасы олардың барлық судлардың жоқары басқарыў уйымларында өз ўәкилине ийе болыўларында ҳәм де олар арқалы суд ҳәкимиятының хызметинде қатнасыўлары көринеди. Лекин, бундай қатнасыў арқалы олар судлар хызметинде инсан ҳуқық ҳәм еркинликлериниң тәмийинлениўине тәсир көрсетиў имканиятына ийе болады.

Әдиллик уйымлары инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўде Конституциялық суд пенен өз-ара мүнәсебетлериниң ҳуқықый тийкарлары "Өзбекстан Республикасы Конституциялық суды ҳаққында"ғы нызамы менен тәртипке салынған. Усы нызамның 21-статьясына муўапық "Конституциялық Судтың мәжилисинде... Өзбекстан Республикасы Әдиллик министри қатнасыўы мүмкин"[1]. Соның менен бирге, Өзбекстан Республикасы Конституциялық Судтың Регламентинде Әдилик министриниң суд исиндеги қатнасыўының формасы тиккелей беккемленип қойылған.

Мәселен, усы Регламенттиң "Тәреплер ҳәм олардың ўәкиллериниң түсиндириўлери" деген 45-статьясында: "Тәреплерге ҳәм олардың ўәкиллерине... Өзбекстан Республикасы Әдиллик министри тәрепинен де сораўлар берилиўи мүмкин"; "Суд мәжилиси қатнасыўшыларының сөзге шығыўлары" деген 49-статьясында: "Усынылған материаллардың

[1] Ўзбекистоннинг янги қонунлари. - Тошкент: Адолат, 1996. -№11. -21-модда

талықланыўы жуўмақланғаннан соң қәлеўлерине муўапық суд... Өзбекстан Республикасы Әдиллик министриниң шығыўларын тыңлаўға өтеди", деп белгиленген.

Әдиллик уйымларының Өзбекстан Республикасы Жоқарғы судының хызметинде қатнасыўлары менен байланыслы ҳуқықый тийкарлар Өзбекстан Республикасының "Судлар ҳаққында"ғы нызамында төмендеги мазмунда өз сәўлелениўин тапқан: "Өзбекстан Республикасы Жоқарғы судының пленум мәжилислеринде ... Өзбекстан Республикасы Әдиллик министри қатнасыўы мүмкин (15-статьясы)[1].

Әдиллик министриниң судлардың жоқарғы басшы уйымлары хызметинде қатнасыўы әдиллик уйымларының инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў барысындағы ўәкилликлерин әмелге асырыўдың ҳуқықый кепилликлеринен бири болып хызмет қылады. Лекин, әдиллик уйымлары суд-ҳуқық әмелиятын ҳәм улыўмаластырып, усы процессти инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў мақсетинде жетилистириўге қаратылған өз пикир ҳәм усынысларын билдириў ҳуқықы ҳәм имканиятына ийе болады.

Соның менен бирге, әдиллик уйымлары суд уйымларының материаллық-техникалық тәмийинлениўин, сондай-ақ дүзилме ҳәм штат бирликлерин белгилеўде де тиккелей қатнасады.

Инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўде әдиллик уйымлары хызметиниң ҳуқықый формаларынан бири сыпатында Әдиллик министриниң Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети хызметиндеги қатнасыўын көрсетип өтиў мүмкин. Атап айтқанда, әдиллик уйымлары системасының басшысы болған Әдиллик министри Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң ағзаларынан бири болғанлығы себепли, ол ҳүкиметти инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў барысындағы хызметине тиккелей тәсир көрсетип барыў имканиятына ийе. Мәселен, "Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети ҳаққында"ғы

[1] Қараң: Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси. 2001. -№1-2. -10-модда

нызамның 17-статьясында белгилениўинше: "Министрлер Кабинети; ағзалары:.. Министрлер Кабинетиниң мәжилислеринде мәселелерди көрип шығыўда қатнасады; Министрлер Кабинетиниң ўәкилликлерине киретуғын мәселелерди көрип шығыў ҳаққында Министрлер Кабинетине усыныслар киргизиўге ҳақылы"[1].

Әдиллик уйымларының инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўдеги ҳәм хызметиниң әҳмийетли бағдарларынан және бири, бул усы тараўдағы жергиликли мәмлекетлик ҳәкимияты уйымлары менен байланыслы болған мүнәсебетлер есапланады. Атап өтетуғын болсақ, бүгинги күнде әдиллик уйымларының жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымларына қарағанда ғәрезсизлигин тәмийинлеў жүзесинен белгили бир реформалар әмелге асырылып келинбекте. Мәселен, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2003 жыл 27 августтағы "Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлигиниң хызметин жәнеде жетилистириўдиң илажлары ҳаққында"ғы 370-санлы қарары менен әдиллик уйымларының ҳуқықый статусына еки әҳмийетли өзгерис киргизилди. Бириншиден, қарардың 3-бәнтине муўапық Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлигиниң структурасында ҳәм оның аймақлық бөлинбелеринде Инсан ҳуқықларын қорғаў басқармасын шөлкемлестириў белгиленди; екиншиден, қарардың 4-бәнтине муўапық әдиллик уйымлары ҳәм мәкемелери жергиликли ҳәкимият уйымларынан ғәрезсиз болыўы ҳәм олардың тиккелей Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрине бойсыныўлары енгизилди[2]. Демек, ендигиден былай әдиллик уйымлары бир тәрептен инсанды қорғаў менен шуғылланатуғын арнаўлы структураға ийе болып, усы бағдарда өзлериниң мақсетли хызметин жеделлестиреди, екинши тәрептен, вертикал басқарыў системасы тийкарында хызмет алып барып, инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўде жергиликли ҳәкимият уйымларына ғәрезсиз тәсир көрсетиў

[1] Ўзбекистон Республикасининг "Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамаси Маҳкамаси тўғрисида"ги қонуни. Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлис Ахборотномаси 2003 й. 9-10-сон, 138-модда.

[2] Қараң: Ўзбекистон Республикаси Қонун ҳужжатлари тўплами. 2003. -№15. -138-модда

имканиятына ийе болады.

Өз нәўбетинде, алдын әдиллик уйымларының ўәлаятлардағы аймақлық бөлинбелери өз ҳуқықый статусына көре еки тәреплеме бойсынғанлықларын атап өтиў лазым: бириншиси, вертикал тәреп-жоқары турыўшы басқарыў уйымы болған Әдиллик министрлигине, горизонтал тәреп-ҳәкимге ҳәм жергиликли халық депутатлары Кеңеслерине. Усы ҳалат өз нәўбетинде, әдиллик уйымларының аймақлық бөлинбелери хызметиниң институционаллық тәрептен ғәрезсизлигиниң шеклениўине алып келген еди.

Ўәлаят әдиллик басқармалары атқарыўшы ҳәкимияты тармағына тийисли болғанлығын ҳәмде атқарыўшы ҳәкимият уйымларын жеке бир системаға келтирилиўин инабатқа алып, барлық атқарыўшы ҳәкимият уйымларын, солар қатарында әдиллик басқармаларының да хызметиниң шөлкемлестирилиў тәртиби орайдан, яғный Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетини тәрепинен тәртипке салынатуғын болды. Мәселен, атқарыўшы ҳәкимият уйымларының басқармалары, бөлинбелери ҳәм басқа бөлимлериниң шөлкемлестирилиў тәртиби ҳәм хызмети Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети тастыйықлайтуғын тийисли режелер менен белгиленеди.

Алдын әдиллик басқармаларының дүзилме ҳәм штатларын белгилеў тек ғана Министрлер Кабинетиниң ўәкиллигине кирместен, усы процессте бир ўақыттың өзинде ҳәким ҳәм халық депутатлары Кеңеслери де қатнасқан. Мысал ушын, бундай ҳалат "Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият ҳаққында"ғы нызамның 22-статьясы бесинши бәнтинде белгиленген болып: "Ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласы атқарыўшы ҳәкимияты уйымларының структурасы ҳәм штатлары ҳәким тәрепинен Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети менен келисилген ҳалда тийисли халық депутатлары Кеңеси тастыйықлаған бюджет шеңберинде белгиленеди ҳәм өзгертиледи"[1] - деген қағыйда бар еди.

[1] Қараң: Ўзбекистон Республикаси Олий Кенгашининг Ахборотномаси. 1993. -№ 9. -320-модда

Ҳәзирги ўақытта әдиллик уйымларының жергиликли ҳәкимият уйымларынан ғәрезсизлигин тәмийинлеў мақсетинде бул тараўдағы мәселелер де Әдиллик министрлиги ҳәм Министрлер Кабинетиниң ўәкилликлерине өткерилген. Бундай өзгертиў өз нәўбетинде, ўәлаятларда әдиллик басқармаларының инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаўдағы хызметинде ҳәм де пуқаралардың жергиликли ҳәкимият пенен байланыслы болған машқалаларын шешиўде тәсиршеңлигин күшейттиреди.

Әдиллик басқармаларының инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў барысындағы хызметине институционаллық тәрептен жантасыўға олардың басшыларының лаўазымына тайынлаў ҳәм лаўазымынан босатыў тәртиби де тәсир көрсетеди. Буның әҳмийети сонда, басшыны тайынлаўда қатнасыў ўәкиллигине ийе болған уйымлар, өз нәўбетинде оның хызметлерин бағдарлап ҳәм қадағалап турыў имканиятына ийе болады.

Лекин, алдын жергиликли атқарыўшы ҳәкимият уйымларының структуралық бөлинбелериниң (атап айтсақ әдиллик басқармалары) басшыларын лаўазымға тайынлаў ҳәм лаўазымынан азат етиў Өзбекстан Республикасының жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият ҳаққында"ғы нызамының 23-статьясында белгиленген еди. Оған муўапық орынлардағы әдиллик басқармаларының басшылары Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети менен келисилген ҳалда тийисли ҳәкимниң усынысына муўапық халық депутатлары Кеңеси тәрепинен, сессиялар аралығындағы дәўирде болса ҳәким тәрепинен лаўазымға тайынланып ҳәм лаўазымынан азат етилер еди. Ҳәзирги ўақытта бул ўәкиллик толықлығынша Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрине берилген.

Функционаллық тәрептен жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары әдиллик басқармаларының есабатларын тыңлаўға ҳақылы еди. Ҳәзирги ўақытта әдиллик басқармаларының басшылары Әдиллик министри алдында жуўапкер болып, тек ғана оған есабат береди.

Нәтийжеде, әдиллик басқармаларының инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўдеги жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымларынан ғәрезсиз ҳуқықый статусқа ийе болыўы, өз нәўбетинде олардың инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў барысындағы хызметин күшейттириўге хызмет қылады.

Жоқарыдағы өткизилген анализлерге тийкарланып жуўмақ қылыў мүмкин, **бириншиден**: әдиллик уйымлары хызметиниң ҳуқықый тийкарларының жетилисиў тенденциясы олардың мәмлекетлик уйымлар системасындағы ғәрезсизлигин күшейттириўге қаратылған болып, усы ҳалатты әдиллик уйымларының инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўдеги хызметине унамлы тәсир көрсетеди деп баҳалаў мүмкин.

Демек, мәмлекетимизде әдиллик уйымларының инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў барысындағы хызметиниң ҳуқықый тийкарлары инсан ҳуқықларына тийисли халық аралық ҳүжжетлер, конституция, конституциялық нызамлар ҳәм басқа нызам ҳүжжетлеринде беккемленип қойылған болсада, жәмийетлик ўақыялықтың бүгинги ҳалаты бул бойынша миллий нызамшылығымызды жәнеде жетилистириўди талап етип атырғанлығын көрсетеди.

**Екинши** түрдеги ҳуқықый нормалар мәмлекет хызметиниң барлық тәреплерин емес, бәлким, оның белгили бир бөлимин қураўшы бир тармаққа бирлескен атқарыўшы ҳәкимият уйымлары системасының ҳуқықый ҳалатын тәртипке салыўға қаратылған. Бул ҳуқықый нормалар биринши түрдеги нормалардан парықлырақ, пытыраңқы шеңбердеги қатнасықларды тәртипке салады ҳәм әдиллик уйымларына қарағанда және де мақсетлирек характерге ийе болады. Биринши түрдеги ҳуқықый нормаларды беккемлеўши ҳуқықый ҳүжжетлер қатарында Өзбекстан Республикасы Президентиниң тийисли қарарлары, пәрманлары, бийликлери ҳәм Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң қарарларын көрсетип өтиў мүмкин. Мәселен, Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2003 жыл 9 декабрьдеги "Республикалық мәмлекетлик

басқарыў уйымлары системасын жетилистириў ҳаққында"ғы пәрманы[1]; Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 1997 жыл 9 октябрьдеги "Министрликлер, мәмлекетлик комитетлер ҳәм мәкемелердиң норматив ҳуқықый ҳүжжетлериниң нызамлылығын тәмийинлеў ис-илажлары ҳаққында"ғы 469-санлы қарары солардан есапланады[2].

Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң жоқарыда көрсетип өтилген қарарының әҳмийети сонда, ол улыўма мәжбүрий түстеги мәкемелик номатив ҳүжжетлердиң (инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўге тийисли) Әдиллик министрлигинде мәмлекетлик дизимнен өткериўдиң мәжбүрийлигин тәмийинлеп береди. Биракта, бундай түстеги  ҳүжжетлер мәмлекетлик дизимнен өткерилмесе, олар юридикалық күшке ийе болмайды ҳәм де тийисли мүнәсебетлерди тәртипке салыўға, физикалық ҳәм юридикалық шахсларға карата қоллаўға тийкар бола алмайды. Усы талап Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети тәрепинен 2003 жыл 27 августта 370-санлы қарары менен тастыйықланған Режесинде де көзде тутылған.

**Үшинши** түрдеги ҳуқықый нормалар тиккелей әдиллик уйымларының ҳуқықый статусын беккемлеўге ҳәм олар менен байланыслы мүнәсетлерди тәртипке салыўға қаратылған. Бул ҳуқықый нормалар Өзбекстан Республикасы Президентиниң пәрманлары, қарарлары, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң қарарлары ҳәмде Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлигиниң локал ҳүжжетлеринде өз сәўлелениўин тапқан. Мәселен, бундай ҳуқықый ҳүжжетлер қатарына Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2005 жыл 15 декабрьдеги "Норматив-ҳуқықый ҳүжжетлердиң әмелге асырылыўы үстинен мониторинг қылыў орайын шөлкемлестириў ҳаққында"ғы ПФ-237-санлы Пәрманын[3], Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2003 жыл 27 августтеги "Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлиги хызметин

---

[1] Қараң: Ўзбекистон Республикаси Қонун ҳужжатлари тўплами. 2003. -№ 1-12. -368-модда
[2] Қараң: Ўзбекистон Республикаси Ҳукуматининг қарорлари тўплами. 1997. -№10. -9-модда
[3] Қараң: Ўзбекистон Республикаси Қонун ҳужжатлари тўплами. 2005. №49-50. -368-модда

жәнеде жетилистириўдиң ис-илажлары ҳаққында"ғы 370-санлы қарарын[1] ҳәм басқаларды киргизиў мүмкин.

Демек, жоқарыдағылардан жуўмақ шығарыў мүмкин, әдиллик уйымларының ҳуқықый ҳалатын беккемлеўши норматив ҳүжжетлерди олар тәрепинен тәртипке салынатуғын жәмийетлик қатнасықлардың қәсийетине қарап төмендеги үш тийкарғы түрге бөлиў мүмкин: халық аралық ҳәм улыўма мәмлекетлик шеңбердеги, атқарыўшы ҳәкимият тармағы шеңбериндеги ҳәм әдиллик уйымлары системасы шеңбериндеги норматив-ҳуқықый актлерге. Бул ҳуқықый ҳүжжетлердиң улыўма өзгешелиги сонда, олар әдиллик уйымларының ҳуқықый ҳалатын институционал ҳәм функционаллық тәреплерин қәлиплестиреди. Бул болса әдиллик уйымларының шөлкемлесиўи ҳәм хызметиниң мазмун, әҳмийетин белгилеп береди ҳәмде олардың инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў тараўындағы хызметиниң ҳуқықый механизмин жүзеге шығарады.

Усы тәрептен алғанда, жоқарыда көрсетип өтилген ҳуқықый ҳүжжетлер системасындағы екинши ҳәм үшинши түрдеги ҳүжжетлерге айрықша итибар қаратыў лазым, себеби биринши түрдеги ҳүжжетлер көбирек принциплер, нормалар болып, олар жәмийетлик қатнасықларды тәртипке салыўға бағдарлаўшы, басшы қәсийетке ийе болады. Усы орында атап өтиў лазым, бул принциплер, нормалар тек ғана халық арылық ҳуқықтың ядросын емес, бәлким, Өзбекстан миллий ҳуқықый системасының тийкарын да шөлкемлестиреди. Усы нормаларды жәмийетлик турмысқа енгизиў ҳәмде буның ушын тийисли институционал ҳәм функционаллық шәраятлар жаратыў бүгинги күнде жүдә қурамалы мәселе екенлигин де атап өтиў лазым.

Өз орнында, әдиллик уйымларының институционал ҳәм функционаллық тәреплерин анализ қылыў ҳәм олардың инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў барысындағы хызметине нызам ҳүжжетлерине

[1] Қараң: Ўзбекистон Республикаси Қонун ҳужжатлари тўплами. 2003. №15. -138-модда

қаншелли тәсир көрсетиў қәсийетлерин анықлаў бүгинги күнде ҳуқықтаныўшы алымлар алдында турған актуал ўазыйпалардан бири екенлигин атап өтиў лазым.

### 3.2. Әдиллик уйымларның инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўге тийисли хызметлерин жетилистириўдиң баслы бағдарлары

Өткен жыллар даўамында әмелге асырылған демократиялық реформалар турмысымыздың экономикалық, сиясий, ҳуқықый, руўхый-мәдений ҳәмде идеологиялық тәреплерин толық қамрап алды. Ғәрезсиз раўажланыў жыллары даўамында сиясий системамызды, мәмлекетшилик имаратымызды, ҳуқықый турмысымызда демократиялық мазмунда жаңалаў ҳәм реформалаў барысында белгили бир нәтийжелерге ерисилди.

Соның менен бирге, Республикамыздың дүнья жүзилик бирге ислесиўге интеграцияланыўы, базар қатнасықларының тереңлесип барыўы ҳәм демократиялық реформалардың басқышпа-басқыш әмелге асырылыўы, өз нәўбетинде, социаллық турмыстың барлық тараўларын турақлы жетилистирип барыўды талап етеди. Лекин, ҳәзирги күнниң ең әҳмийетли ўазыйпаларынан бири-бул мәмлекетимизде әмелге асырылып атырған демократиялық реформалардың системалылығы, турақлылығы ҳәм ең әҳмийетлиси, оның жетискенлигин тәмийинлеўде әҳмийетли орын инсан ҳуқықлары ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў механизмлерин жетилистириў, солар қатарында, әдиллик уйымларының хызметлерин усы процесслерге сай ҳалда раўажландырып барыў.

Ғәрезсизлик жылларында, әдиллик уйымлары тәрепинен социаллық сиясий турмысты, мәмлекетлик дүзилисти, солар қатарында суд-ҳуқық тараўын еркинлестириў, инсанның ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаўды тәмийинлеўге бағдарланған Өзбекстан Республикасы нызамлары, Өзбекстан Республикасы Президентиниң пәрманлары ҳәм Ҳүкимет қарарларының орынланыўын тәмийинлеў бойынша анық мақсетке бағдарланған услер әмелге асырылмақта. Исбилерменлер ҳәм жеке мүлк

ийелериниң нызамлы мәплерин қорғаўдың нәтийжели механизмлери жаратылды, хожалық жүргизиўши субъектлердиң шәртнамалы-ҳуқықый ислери жетилистирилди, ҳуқықты қоллаў әмелиятын турақлы анализлеў ҳәм оның мониторинги ҳәм де әмелдеги нызамшылықты жетилистириў бойынша тийкарланған усыныслар бериў системасы ислеп шығылды ҳәм әмелге асырылмақта. Бул ҳаққында Б.Мустафоев атап өткениндей, "Ең дәслеп усы бағдарда нызамлар таярлаў ҳәм қабыл қылыў, сондай-ақ экономиканы жәнe де еркинлестириўге көмеклесиў мақсетинде Олий Мажлистиң Нызамшылық палатасы ҳәм Сенаты, мәмлекетлик басқарыў уйымлары, ҳуқық қорғаў уйымлары ҳәм қадағалаўшы уйымлар менен биргеликте бирге ислесиў күшейтирилди"[1]. Соның менен бирге, мәмлекетте социал-экономикалық, социал-сиясий, суд-ҳуқық тараўында әмелге асырылып атырған реформалар әдиллик уйымларының хызметлерин жәнеде жетилистириўди талап етпекте.

Әмелдеги нызамшылығымызда әдиллик уйымлары хызметиниң социаллық, сиясий, экономикалық ҳәм техникалық тәреплерине тийисли нормалар белгили бир дәрежеде беккемленип қойылған. Бирақ, мәмлекетимизде әмелге асырылып атырған реформалардың көлеми кеңейип ҳәм раўажланып баратырған, инсан ҳуқықлары ҳәм еркинликлери жоқары қәдирият, деп тән алынып атырған бүгинги күнде усы мәселеге сай рәўиште әмелдеги нызамшылықты да жетилистирип барыў объектив зәрүрлик сыпатында майданға шығады.

Ғәрезсизлик жылларында мәмлекетимизде ҳуқық қорғаў уйымлары хызметлеринде түптен өзгерислер болғанлығының гуўасы боламыз. Бурынғы аўқам дәўиринен парқы, усы уйымлар өз хызметлерин демократиялық талаплар тийкарында қайта қурып, ең дәслеп инсан ҳуқықлары ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўди мақсет етип қойды. Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримовтың пикири менен айтқанда, олар енди "жазалаўшы уйым емес, бәлки биринши нәўбетте,

---

[1] Мустафаев Б. Мустакиллик ва ҳуқуқ. //Ўзбекистон овози.- 2006. - 25 май.

пуқаралар мәплерин, солар қатарында, оларды мәмлекет сығыўынан да қорғай алатуғын уйым болыўы керек. Көз алдыңызға келтирип көриң, адамлардың санасына терең тамыр урған көз-қарасларды өзгертиў, ҳуқық-қорғаў хызметкерлери, пүткил әдиллик уйымлары мәмлекет мәплерин емес, пуқаралардың ҳуқық ҳәм мәплерин қорғаўына ерисиў ушын қаншелли үлкен, анық мақсетлерге бағдарланған ислерди әмелге асырыў дәркар"[1].

Әдиллик уйымлары хызметине тийисли дәслепки нызамшылық ҳүжжетлериниң қабыл етилиўинен баслап өткен дәўирде сондай-ақ, ҳуқықты қоллаў әмелияты усы ҳүжжетлердиң күшли ҳәм сайыз тәреплерин ҳәм де усы тараўдағы қатнасықларды тәртипке салыўда мәлим бир бослықлар бар екенлигин көрсетип берди. Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының 2010 жыл 12 ноябрь күни болып өткен қоспа мәжилисиндеги "Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды жәнеде тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы" атлы баянатында суд-ҳуқық системасын реформалаўға айрықша итибар қаратылды. Концециядағы реформалардың жетинши баслы бағдары сыпатында раўажланған мәмлекетлер тәжирийбесин инабатқа алған ҳалда, мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары, ҳуқық қорғаў уйымлары дүзилмелерин, соның ишинде, прокуратура хызметинде нызамшылық талапларына әмел етиў ҳәм нызам үстинлигин тәмийинлеў бойынша әдиллик уйымларының ролин жәнеде күшейтириўге қаратылған жаңа ҳуқықый механизмлерин орнататуғын ҳүжжетлерди ислеп шығыў ҳәм қабыл қылыў талап етилип атырғанлығы көрсетип өтилди[2].

---

[1]Қараң: Каримов И. А. Ўзбек халки ҳеч қачон, ҳеч кимга қарам бўлмайди. Т. 13. - Т.: Ўзбекистон, 2005. - Б. 143.

[2]Қараң: Мамлакатимизда демократик ислохотларни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамиятини ривожлантириш концепцияси / Ўзбекистон Республикаси Президенти И.А.Каримов Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенатининг 2010 йил 12 ноябрь куни бўлиб ўтган қўшма йиғилишида килган маърузаси. // Халқ сўзи, 2010 йил 13 ноябрь

Усы изертлеўде әдиллик уйымларының инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаў барысындағы хызметине тийисли барлық машқалаларды көрсетип өтиў мақсети қойылмаған болсада, усы хызметлерди жетилистириў жүзесинен бар болған айырым машқалалы мәселелерди көрип шығыў мақсетке муўапық деп есаплаймыз:

**Биринщиден**, әдиллик уйымларының инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў барысындағы хызметиниң мазмуны мәмлекетлик басқарыў уйымлары тәрепинен нызамларды қоллаў жүзесинен қабыл қылынып атырған нызам асты ҳүжжетлери системасын жеке мәмлекетлик сиясат системасына муўапықластырыўды шөлкемлестириў ҳәм де бул бойынша ҳуқықый механизмди қәлиплестириўге қаратылған болыўы лазым.

**Екиншиден**, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2003 жылғы "Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлиги хызметин жәнеде жетилистириўдиң ис-илажлары ҳаққында"ғы Қарарына муўапық, Конституция ҳәм ҳәм нызамлар менен беккемленген инсанның ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаўды тәмийинлеў, пуқаралық жәмийети институтларын ҳәр тәреплеме раўажландырыў, олардың ҳуқықый тийкарларын беккемлеў ҳәм де жәмийетте ҳуқықый сана, ҳуқықый мәдениятты арттырыўға ҳәм нызамшылықты беккемлеўге бағдарланған ҳуқықый үгит-нәсият бойынша мәмлекетлик уйымлар хызметлерин муўапықластырыў әдиллик уйымлары хызметиниң баслы бағдарлары сыпатында белгиленген[1].

Усы тәрептен алғанда, әдиллик уйымлары мәмлекетлик ҳәкимияттың басқа уйымлары тәрепинен инсан ҳуқықлары ҳәм еркинликлерин қорғаў анға шығыўлары лазым. Пуқаралардың әдиллик уйымларына мүрәжатларын анализ қылып қарағанда, олардың 13,1 пайызы суд қарарлары ҳәм суд тергеўин әмелге асырыў процессинен наразылықлары

[1]Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг 2003 йил 27 августдаги 370-сон қарори ҳамда ушбу қарор билан тасдиқланган "Ўзбекистон Республикаси Адлия вазирлиги тўғрисида"ги Низом // Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг қарорлари тўплами. -2003. -№ 8. -79-модда

жүзесинен екенлигине гуўа боламыз.

**Үшиншиден**, инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў тараўында кең жәмийетшилик арасында ҳуқықый үгит-нәсият ислерин алып барыў әдиллик уйымлары хызметиниң әҳмийетли бағдары есапланады. Бунда пуқараларда инсан ҳуқық ҳәм еркинликлери мәдениятын қәлиплестириў әҳмийетли орын ийелейди. Яғный, ҳәр бир пуқара әмелдеги нызамшылық, оларда көзде тутылған ҳуқық ҳәм мәжбүриятлар, оларды әмелге асырыў механизмин, бузылған ҳуқық ҳәм нызамлы мәплерди тиклеў ҳәмде қорғаўдың усыл ҳәм қураллары жүзесинен белгили бир көз-қарасларды қәлиплестириўге айрықша итибар қаратыў талап етиледи.

Соның менен бирге, пуқаралар тәрепинен өз ҳуқықларын қорғаў жүзесинен берилген арза ҳәм шағымлардың дурыс шешилиўи көп тәреплеме олардың тийисли жуўапкер мәкемелерге мүрәжат етиўлерине байланыслы болады.

Егер бул бойынша статистикалық мағлыўматларды анализ қылатуғын болсақ, 2009 жыл даўамында Өзбекстан Республикасы әдиллик уйымларына жәми 5921 арза ҳәм шағымлар келип түскен болса, мүрәжатлардың 1970 си, яғный 40,3 пайызы әдиллик уйымлары ўәкилликлерине тийисли болмағанлығы себепли басқа уйымларға жиберилген[1].

Бизиң пикирмизше, бул бойынша унамлы нәтийжелерге ерисиў ушын орынлардағы ўәлаят әдиллик басқармалары ғалаба хабар қураллары, тийисли ҳуқық қорғаў уйымлары ҳәм де жоқары юридикалық билимлендириў мәкемелери менен биргеликте халық арасында кең түрде үгит нәсият ислерин жолға қойыўы лазым.

Бунда төмендеги мәселелерге айрықша әҳмийет қаратыў мақсетке муўапық:

- нызамшылық ҳүжжетлерин баспадан шығарыўдың әмелиятын жетилистириў. Бунда тек ғана нызамшылық ҳүжжетлериниң текстин

[1]Ўзбекистон Республикаси Адлия вазирлигининг жорий архиви

жәрия қылыў, бәлки, оны қоллаў тәртиби, механизми жүзесинен де хабарлар берип барылыўы лазым;

- Ғалаба хабар қураллары арқалы Өзбекстан Республикасы нызамшылық ҳүжжетлериниң орынлардағы орынланыўын кең сәўлелендирип барыў, пуқараларда нызамға ҳәм әдилликке болған исенимин беккемлеў, жәмийетшиликтиң ҳуқықый саўатханлығын арттырыў, жаңадан қабыл қылынып атырған нызамшылық ҳүжжетлериниң мазмуны ҳәм олардың жәмийет турмысындағы әҳмийетин көрсетип бериў;

- ҳәр бир ўәлаятта жергиликли ҳуқық қорғаў уйымлары ҳәм суд уйымлары болған жеке қәнигелестирилген ҳуқықый ҳүжжетлердиң баспадан шығарылыўын жолға қойыў;

- Республиканың барлық аймақларында, атап айтқанда узақ ҳәм шетки аймақларға ҳуқықый баспадан шығыўшы ҳүжжетлердиң мазмунын сәўлелендириўши радио дәстүрлер формасындағы хабар жеткизиўди жолға қойыў ҳәм басқалар.

**Төртиншиден**, бүгинги күнде Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлигиниң Инсан ҳуқықларын қорғаў басқармасы Омбудсман менен тастыйықланған Меморандум ҳәм Инсан ҳуқықлары бойынша Миллий орайы менен биргеликте хызмет жүргизиў ҳаққында Ҳәрекетлер дәстүри шеңберинде нәтийжели хызмет жүргизип келмекте. Бизиң пикиримизше, пуқаралардың ҳуқықларын судқа шекем болған тәртипте қорғаў ҳаққындағы мүрәжатларын көрип шығыў механизмин жетилистириў, сондай-ақ, бул барадағы машқалаларды шешиў, инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин бузған лаўазымлы шахсларды ҳәкимшилик ҳәм жынайый жуўапкершиликке тартыў шараларын көриў мақсетинде жоқарыда көрсетип өтилген дүзилмелер менен бирге ислесиўдиң унамлы тәжирийбесинен келип шығып, бул бойынша Өзбекстан Республикасы Бас прокуратурасы Пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин, жәмийет ҳәм мәмлекет мәплерин қорғаў басқармасы ҳәм де Өзбекстан Республикасы Ишки ишлер министрлигиниң Инсан ҳуқықларын қорғаў басқармасы ҳәм

халық аралық шөлкемлер менен де бирге ислесиўди жолға қойыў мақсетке муўапық есапланады.

**Бесиншиден**, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2004 жыл 24 февралдағы № 112-Р санлы бийлиги тийкарында ҳуқық қорғаў уйымлары тәрепинен инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерине әмел қылыўының ҳалатын үйрениў бойынша дүзилген мәкемелер аралық исши топар хызметин бар болған әмелиятқа муўапық арнаўлы топар орынлаўы тек ғана ҳуқық қорғаў уйымлары тәрепинен инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерине әмел қылыўы ҳалаты менен байланыслы болған, бәлки, мәкемелер аралық исши топар қурамына кирмейтуғын мәмлекетлик уйымлар ҳәм шөлкемлерге де байланыслы болған миллий ҳәрекет дәстүрлерин тастыйықлайды.

Усы арнаўлы жағдай миллий ҳәрекет дәстүрлеринде көзде тутылған ис-илажларды әмелге асырыўға тийисли зәрүр мағлыўматларды топлаў ҳәм оларды Өзбекстан Республикасының нәўбеттеги есабатына киргизиў ушын Инсан ҳуқықлары бойынша Өзбекстан Республикасы Миллий орайына усыныў процессинде белгили бир қыйыншылықларды келтирип шығармақта.

Буннан тысқары, жоқарыда көрсетип өтилген бийликте ҳуқық қорғаў уйымлары тәрепинен инсан ҳуқық ҳәм еркинлирине әмел қылыныўы ҳалатларын үйрениў бойынша дүзилген мәкемелер аралық исши топардың ағзалары басқа иске өткен тәғдирде олардың орнына тийисли лаўазымға жаңа тайынланған шахс пенен алмастырыў лазымлығы ҳаққындағы қағыйдалар көзде тутылмаған. Жоқарыдағылардан келип шығып, мәкемелер аралық исши топар ҳаққындағы Режени қабыл қылыў ҳәм онда усы топардың қурамын қәлиплестириў менен байланыслы жағдайларды нәзерде тутыў лазым.

**Алтыншыдан**, "Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлиги ҳаққында"ғы Режеге де қосымшалар ҳәм өзгерислер киргизиў мәселесин де көрип шығыў мақсетке муўапық. Атап айтқанда, усы режениң Әдиллик

министрлигиниң ўәкилликлери көрсетип өтилген III тараў, 9 бөлиминиң 11 пунктинде "мәмлекетлик басқарыў уйымлары, жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары басшылығында анықланған нызам ҳүжжетлериниң бузылыўын ҳәм оның себеплери ҳәмде оған көмеклесиўши шәрт-шәраятларды сапластырыў, сондай-ақ инсанның бузылған ҳуқық ҳәм еркинликлерин қайта тиклеў ис-илажларын көриў ҳаққында белгиленген мүддетлерде орынланыўы мәжбүрий болған усыныснамалар киргизиў" ҳуқықы белгиленген. Усы орында арнаўлы ҳалатлар жүз берген тәғдирде (ҳәрекет яки ҳәрекетсизликти) ҳәм тийисли уйымның бул бойынша хызметин тоқтатыў ҳуқықы нәзерде тутылмаған.

Егер Режениң III тараў, 9 бөлиминиң, 23 пунктинде "министрликлер, мәкемелер, қадағалаўшы ҳәм жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымларының исбилерменлик субъектлери, сырт ел инвесторлары ҳәм сырт ел инвестициялары қатнасыўында кәрханалар ҳақ-ҳуқықларын бузыўшы қарарларын ҳәм сондай-ақ, олардың лаўазымлы шахслары ҳәрекетлерин тоқтатып қойыў" ҳуқықы берилгенлигин инабатқа алатуғын болсақ, жоқарыдағы жағдайларда да усындай ҳуқық (ўәкиллик) әдиллик уйымларына берилиўи мақсетке муўапық, деп есаплаймыз.

**Жетиншиден**, базар қатнасықларының раўажланып барыўы суд уйымларының араласыўысыз шешилмейтуғын көп ғана тартыслы ҳалатлардың келип шығыўына, сондай-ақ, пуқаралар ҳуқықый санасының артып барыўы атқарыўшы ҳәкимиятларының ҳәр түрли дәрежедеги уйымлары хызметине қарата даўалар көлеминиң көбейиўине алып келеди. Лекин, бундай ҳалатлар пуқараларга ҳуқықый жәрдем көрсетиў системасын, солар қатарында, нызамда белгиленген тәртипте бийпул юридикалық хызмет көрсетиў тәртиплерин жәнеде жетилистирип барыў зәрүрлигин келтирип шығарады.

Әдиллик уйымлары өз нәўбетинде, пуқаралардың тәжирийбели ҳуқықый жәрдем алыўға болған конституциялық ҳуқықларын тәмийинлеўши шәрт-шәраятларды жаратыў барысында белгили бир ис-

илажларды әмелге асырыўы лазым.

Бунда усы ўазыйпалардың қай дәрежеде орынланыўын баҳалаўшы тийкарғы өлшемлер болып, төмендегилер белгилениўи мақсетке муўапық:

-көрип шығылған мүрәжатлардың улыўмалық көлеминде бийпул ҳуқықый жәрдем көрсетиў арқалы қылынған ҳәм де тийкарлы деп табылған мүрәжатлардың дәрежеси;

-тийисли коллегияларға адвокатлардың нызамсыз ис-ҳәрекетлери жүзесинен олардың статусын тоқтатыў ҳаққында киргизилген усыныснамалар ҳәм де оларды қанаатландырылғанлық дәрежеси ҳәм басқалар;

Соның менен бирге, пуқаралық ислери бойынша адвокатлар тәрепинен пуқараларға бийпул ҳуқықый жәрдем бериў системасында белгили бир дәрежеде бослықлар бар екенлигин атап өтиў лазым. Бизиң пикиримизше, бундай хызмет көрсетиўши адвокатларға қарата материаллық ҳәм руўхый хошаметлеў шараларын көзде тутыўшы арнаўлы механизмди қәлиплестириў лазым.

Жуўмақлап айтқанда, әдиллик уйымларының инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаў барысындағы хызметлерин жетилистириў машқалаларын анализ қылыў ҳәм оларды жоқарыдағы бағдарлар тийкарында шешиў, өз нәўбетинде мәмлекетимизде әмелге асырылып атырған демократиялық реформалардың сыпат ҳәм нәтийжесин арттырыўда әҳмийетли фактор болып хызмет қылады.

## III бап бойынша жуўмақлаў

Өткен жыллар даўамында әмелге асырылған демократиялық реформалар турмысымыздың экономикалық, сиясий, ҳуқықый, руўхый-мәдений ҳәмде идеологиялық тәреплерин толық қамрап алды. Ғәрезсиз раўажланыў жыллары даўамында сиясий системамызды, мәмлекетшилик имаратымызды, ҳуқықый турмысымызда демократиялық мазмунда жаңалаў ҳәм реформалаў барысында белгили бир нәтийжелерге ерисилди.

Соның менен бирге, Республикамыздың дүнья жүзилик бирге

ислесиўге интеграцияланыўы, базар қатнасықларының тереңлесип барыўы ҳәм демократиялық реформалардың басқышпа-басқыш әмелге асырылыўы, өз нәўбетинде, социаллық турмыстың барлық тараўларын турақлы жетилистирип барыўды талап етеди.

Усы изертлеўде әдиллик уйымларының инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаў барысындағы хызметине тийисли барлық машқалаларды көрсетип өтиў мақсети қойылмаған болсада, усы хызметлерди жетилистириў жүзесинен бар болған айырым машқалалы мәселелерди көрип шығыў мақсетке муўапық деп есаплаймыз:

**Биринштиден**, әдиллик уйымларының инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў барысындағы хызметиниң мазмуны мәмлекетлик басқарыў уйымлары тәрепинен нызамларды қоллаў жүзесинен қабыл қылынып атырған нызам асты ҳүжжетлери системасын жеке мәмлекетлик сиясат системасына муўапықластырыўды шөлкемлестириў ҳәм де бул бойынша ҳуқықый механизмди қәлиплестириўге қаратылған болыўы лазым.

**Екинштиден**, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2003 жылғы "Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлиги хызметин жәнеде жетилистириўдиң ис-илажлары ҳаққында"ғы Қарарына муўапық, Конституция ҳәм  ҳәм нызамлар менен беккемленген инсанның ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаўды тәмийинлеў,

**Үшинштиден**, инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў тараўында кең жәмийетшилик арасында ҳуқықый үгит-нәсият ислерин алып барыўда әдилик уйымлары хызметин еледе жетилистириў,

**Төртинштиден,** Республикасы Әдиллик министрлиги ҳаққында"ғы Режеге де қосымшалар ҳәм өзгерислер киргизиў мәселесин де көрип шығыў.

Жоқарыдағы өткизилген анализлерге тийкарланып жуўмақ қылыў мүмкин, әдиллик уйымлары хызметиниң ҳуқықый тийкарларының жетилисиў тенденциясы олардың мәмлекетлик уйымлар системасындағы

ғәрезсизлигин күшейттириўге қаратылған болып, усы ҳалатты әдиллик уйымларының инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўдеги хызметине унамлы тәсир көрсетеди деп баҳалаў мүмкин.

Демек, мәмлекетимизде әдиллик уйымларының инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў барысындағы хызметиниң ҳуқықый тийкарлары инсан ҳуқықларына тийисли халық аралық ҳүжжетлер, конституция, конституциялық нызамлар ҳәм басқа нызам ҳүжжетлеринде беккемленип қойылған болсада, жәмийетлик ўақыялықтың бүгинги ҳалаты бул бойынша миллий нызамшылығымызды жәнеде жетилистириўди талап етип атырғанлығын көрсетеди.

## ЖУЎМАҚЛАЎ

Мәмлекетимизде ҳуқықый демократиялық мәмлекетти қурыў ҳәм пуқаралық жәмийетти қәлиплестириў процессинде инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў жүзесинен әдиллик уйымларының хызмети менен байланыслы мәселелерди изертлеў ҳәмде изертлеў алдына қойылған ўазыйпаларды шешиў нәтийжелери, өз нәўбетинде, төмендеги жуўмақларға келиўге ҳәм бул тараўдағы хызметлерин тәртипке салыўға қаратылған тийисли нызамшылықларды ҳәм механизмлерди жетилистириў жүзесинен бир қатар әмелий усыныслар ислеп шығыўға тийкар болды:

1. Инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў-мәмлекет сиясатының баслы бағдарлары есапланады. Усы бағдарлардың әҳмийети биринشиден, инсан ҳуқық ҳәм еркинликлериниң Конституция ҳәм нызамларда, оларды әмелге асырыў ушын хызмет қылыўшы ҳүжжетлерде беккемленгенлиги, екиншиден, мәмлекетимизде әмелге асырылып атырған барлық реформалар тәсиринде инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўге қаратылған ис-илажларда көринеди.

2. Әдиллик уйымларының инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў системасындағы тутқан орнын анализ қылыў нәтийжесинде төмендеги жуўмақларға келиў мүмкин:

Биринشиден, инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў

хызметиниң қәнигелесиўине қарап бул тараўдағы системаны қураўшы субъектлерди еки  тийкарғы түрге бөлиў мақсетке муўапық: биринши түрдеги субъектлер-бул инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў барысында улыўма хызмет көрсететуғын субъектлер, екиншиси - бул инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў барысында арнаўлы хызмет көрсетиўши субъектлер;

Екиншиден, әдиллик уйымлары инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тиккелей қорғаўды әмелге асырыўды әмелге асырмайды, бәлким олар усы хызметти әмелге асырыўға көмеклесиўши функцияларды орынлайды;

Үшиншиден, әдиллик уйымлары ўәкилликлери көлеминен келип шығып, инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўде улыўма субъектлер системасына киргизиў мүмкин.

3. Әдиллик уйымларының инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўге тийисли хызметиниң ҳуқықый тийкарларын үш түрге ажыратып анализ қылыў мүмкин:

**Бириншиси**, мәмлекеттиң социаллық тәбиятын, оның инсан ҳәм жәмийет пенен өз-ара қатнасықларын белгилеп бериўши нормалар, принциплер есапланады. Усы норма-принциплер улыўма характерге ийе болып, олар халық аралық ҳуқықый ҳүжжетлерде, Констиуцияда, конституциялық нызамларда ҳәм басқа сиясий-ҳуқықый ҳүжжетлерде өз сәўлелениўин табады.

**Екинши** түрдеги ҳуқықый тийкарлар мәмлекет хызметиниң барлық тәреплерин емес, бәлким оның белгили бир бөлимин қураўшы бир тармаққа бирлескен атқарыўшы ҳәкимият уйымлары системасының ҳалатын тәртипке салыўға қаратылған. Усы ҳуқықый нормалардан парқы сонда, олар ҳәр түрли шеңбердеги жәмийетлик қатнасықларды тәртипке салады ҳәм әдиллик уйымларына қарағанда жәнеде мақсетлирек характерге ийе болады.  Биринши түрдеги ҳуқықый нормаларды беккемлеўши ҳүжжетлер қатарына Өзбекстан Республикасы Президентиниң тийисли қарарлары, пәрманлары, бийликлери ҳәм

Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң қарарларын көрсетип өтиў мүмкин.

**Үшинши** түрдеги ҳуқықый нормалар тиккелей әдиллик уйымларының ҳуқықый статусын беккемлеўге ҳәм олар менен байланыслы қатнасықларды тәртипке салыўға қаратылған Өзбекстан Республикасы Президентиниң пәрманлары, қарарлары, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң қарарлары ҳәм де Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлигиниң локал ҳүжжетлеринде өз сәўлелениўин табады.

4. Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлиги ҳаққындағы Режениң II-бөлими жетинши пунктинде министрликти Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Инсан ҳуқықлары бойынша ўәкили (омбудсман) ҳәм Инсан ҳуқықлары бойынша Өзбекстан Республикасы Миллий орайы менен өз-ара қатнасықта болыўы белгиленген, лекин бунда Өзбекстан Республикасы Президенти жанындағы Әмелдеги нызам ҳүжжетлери мониторинги институти нәзерде тутылмаған[1]. Сол сыяқлы жағдайларды Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлиги «Инсан ҳуқықларын қорғаў басқармасы ҳаққында»ғы Режениң 6.1 пунктинде де көриў мүмкин[2].

Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлиги ҳаққындағы Режениң П-бөлими 7-пунктине әдиллик уйымларының инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўдеги хызметинде бирге ислесиў субъекти сыпатында Өзбекстан Республикасы Конституциялық суды, Өзбекстан Республикасы Жоқарғы суды, Жоқарғы Хожалық суды, Өзбекстан Республикасы Президенти жанындағы Әмелдеги нызам ҳүжжетлери мониторинги институты ҳәм де басқа тийисли министрлик ҳәм мәкемелерди де киргизиў лазым.

5. Пуқаралардың мүрәжатлары менен ислеў процессинде жүзеге келип атырған машқаларды анықлаў ҳәм улыўмаластырыў ҳәм де усы

---

[1] Қаранг: Ўзбекистон Республикаси Қонун ҳужжатлари тўплами. 2003. -№15.-138-модда.
[2] Қаранг: Ўзбекистон Республикаси Адлия вазирлигининг 2005 йил бўйича архиви.

машқаларды шешиў жүзесинен мәмлекет дәрежесинде тийкарланған шараларды қоллаў мақсетинде бизиң пикирмизше, усы ўазыйпаларды әдиллик уйымлары жууапкершилигине жүклеў ҳәмде усы хызмет жүзесинен жууапкер қылып Өзбекстан Республикасы Әдиллик Министрлигиниң Инсан ҳуқықларын қорғаў басқармасын бириктириў лазым. Жоқарыдағылардан келип шығып, Өзбекстан Республикасы "Пуқаралардың мүрәжатлары ҳаққында"ғы Нызамының 22-статьясына төмендегише екинши пунктин киргизиў мақсетке муўапық: "Пуқаралардың мүрәжатларын улыўмаластырыў ҳәм анализин алып барыў улыўма мәмлекетлик дәрежеде Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлиги тәрепинен әмелге асырылады". Усындай түрдеги қосымшаны Өзбекстан Республикасының "Пуқарлардың ҳуқықлары ҳәм еркинликлерин бузатуғын ис-ҳәрекетлер ҳәм қарарлар үстинен судқа шағым етиў ҳаққында"ғы Нызамына да киргизиў лазым.

## ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ

### 1. Нызамлар ҳәм ҳуқықый-норматив ҳужжетлер

1.1. Ўзбекистон Республикаси Конституцияси. - Т.:Ўзбекистон, 2012.

1.2. Ўзбекистон Республикасининг "Референдум якунлари ҳамда давлат ҳокимияти ташкил этилишининг асосий тамойиллари тўғрисида"ги Конституциявий Қонун. // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси. 2002. -№4-5. -60-модда.

1.3. Ўзбекистон Республикасининг "Ўзбекистон Республикасининг Конституциявий суди тўғрисида"ги Қонуни // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлис Ахборотномаси. 1995. -№9. -178-модда

1.4. Ўзбекистон Республикасининг "Фуқароларнинг мурожаатлари тўғрисида"ги Қонуни. // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси. 2003. -№1. -2-модда.

1.5. Ўзбекистон Республикасининг "Фуқароларнинг ҳуқуқлари ва эркинликларини бузадиган хатти-ҳаракатлар ва қарорлар устидан судга шикоят қилиш тўғрисида"ги Қонуни. // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси. 1995. -№9. -183-модда.

1.6. Ўзбекистон Республикасининг "Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Инсон ҳуқуқлари бўйича вакили (омбудсман) тўғрисида"ги Қонуни. // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси. 1998. -№9-10. -123-модда.

1.7. Ўзбекистон Республикасининг "Фуқароларнинг ўзини ўзи бошқариш органлари тўғрисида"ги Қонуни. (Янги тахрири) «Халқ сўзи» 2013 –йил 23-апрел.

1.8. Ўзбекистон Республикасининг "Судлар тўғрисида"ги Қонуни. // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси. 2001. -№1-2. -10-модда.

1.9. Ўзбекистон Республикасининг "Прокуратура тўғрисида"ги Қонуни. // Ўзбекистон Республикаси Олий Кенгашининг Ахборотномаси. 1993.-№1.-29-модда.

## 2. Өзбекстан Республикасы Президенти пәрманлары ҳәм қарарлары, Министрлер Кабинетиниң қарарлары

2.1. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 1996 йил 31 октябрдаги "Инсон ҳуқуқлари бўйича Ўзбекистон Республикаси Миллий марказини тузиш тўғрисида"ги Фармони. // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси. 1996. -№12. -11-модда.

2.2.Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2005 йил 2 апрелдаги "Ўзбекистон Республикаси Президенти ҳузуридаги Амалдаги қонунчилик мониторинги институтини ташкил қилиш тўғрисида"ги Фармони. // Ўзбекистон Республикаси Қонун ҳужжатлари тўплами. 2005. -№14(150). -100-модда.

2.3. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Махкамасининг 1997 йил 19 февралдаги "Инсон манфаатларини амалга оширишни таъминлашнинг чораларини дастури ҳақида"ги Қарори. // Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамаси Қарорларининг тўплами. 1997. -№2.

2.4. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг "Ўзбекистон Республикаси Адлия Вазирлиги қошида Юристлар малакасини ошириш марказини ташкил этиш тўғрисида"ги Қарори. // Халқ сўзи. 1997. -23 июль.

2.5. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Махкамасининг 2004 йил 24 февралдаги "Ҳуқуқни муҳофаза қилиш органлари томонидан инсан ҳуқуқларига риоя этилишини таъминлаш ишларини такомиллаштириш ва Ўзбекистон Республикасида суд-ҳуқуқ ислоҳотини янада чуқурлаштириш тўғрисида"ги Фармойиши. // Ўзбекистон Республикаси Қонун ҳужжатлари тўплами. 2005. -№3.

2.6. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг "Ўзбекистон Республикаси Адлия вазирлиги фаолиятини янада такомиллаштириш чора-тадбирлари тўғрисида"ги Қарори. // Ўзбекистон Республикаси Қонун ҳужжатлари тўплами, 2003. -№15-16. -138-модда.

2.7. Ўзбекистон Республикаси Адлия вазирлигининг "Инсон ҳуқуқ ва эркинликларини ҳимоя қилиш борасидаги адлия органларининг ишини

ташкил этиш чора-тадбирлари тўғрисида"ги буйруғи. 2003.

## 3. Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримовтың шығармалары

3.1. Каримов И.А. Ўзбекистон: миллий истиқлол, иқтисод, сиёсат, мафкура. Т. 1. - Тошкент: Ўзбекистон, 1996. - 364 б.

3.2. Каримов И.А. Биздан озод ва обод Ватан қолсин. Т. 2. - Тошкент: Ўзбекистон, 1996. -380 б.

3.3. Каримов И.А. Янгича фикрлаш ва ишлаш - давр талаби. Т. 5. - Тошкент: Ўзбекистон, 1997. - 384 б.

3.4. Каримов И.А. Озод ва обод Ватан, эркин ва фаровон ҳаёт пировард мақсадимиз. Т. 8. - Тошкент: Ўзбекистон, 2000. - 525 б.

3.5 Каримов И.А. Ватан равнақи учун ҳар биримиз масъулмиз. Т. 9. - Тошкент: Ўзбекистон, 2001, -439 б.

3.6. Каримов И.А. Биз танлаган йўл демократик тараққиёт ва маърифий дунё билан ҳамкорлик йўли. Т. 11. - Тошкент: Ўзбекистон, 2003. -3206.

3.7. Каримов И.А. Инсан, унинг ҳуқық ва эркинликлари олий қадрият. Т. 14. - Тошкент: Ўзбекистон, 2006. -280 б.

3.8. Каримов И.А. Жамиятни эркинлаштириш, ислоҳотларни чуқурлаштириш, маънавиятимизни юксалтириш ва халқимизнинг ҳаёт даражасини ошириш - барча ишларимизнинг мезони ва мақсадидир. Т. 15. -Тошкент: Ўзбекистон, 2007.-320 б.

3.9. Каримов И.А. Мамлакатни модернизация қилиш ва иқтисодиетимизни барқарор ривожлантириш йўлида. Т.16. Тошкент: Ўзбекистон, 2008. -368 б.

3.10. Каримов И.А. Юксак маънавият - енгилмас куч. Тошкент: Маънавият, 2008. -174 б.

3.11. Каримов И.А. Ватанимизнинг босқичма-босқич ва барқарор ривожланишини таъминлаш - бизнинг олий мақсадимиз. Т.17. - Тошкент: Ўзбекистон, 2009. -280 б.

3.12. Каримов И.А. Мамлакатимизда демократик ислоҳотларни янада чукурлаштириш ва фуқаролик жамиятини ривожлантириш Концепцияси: Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенатининг қўшма мажлисидаги маъруза. 2010 йил 12 ноябрь. -Тошкент: Ўзбекистон.

3.13. Каримов И.А «Ўзбекистон мустақилликка эришиш останасида» 2011 йил август. Тошкент: Ўзбекистон

## 4. Тийкарғы әдебиятлар

4.1. Абдумажидов Ғ. Шаҳсий ҳуқуқ ва эркинликлар тўғрисидаги ҳуқуқий нормаларни ривожлантириш зарурияти. // Конституция ва қонунларнинг устунлиги -Ўзбекистон тараққиётининг кафолати. Илмий-амалий конференция материаллари. -Тошкент: Адолат, 2000. - 72 б.

4.2. Абдусаломов М. Становление и развитие органов юстиции Узбекистана. - Тошкент: Адолат, 1996. - 44 с.

4.3. Аграновская Е.В. Правовая культура личности и обеспечение прав человека. - М., 1988.

4.4. Отахонов Ф.Х. Конституция ва адлия органларининг юридик хизматни ривожлантирищдаги роли. // Ўзбекистон Республикаси Конституцияси фуқаролик жамияти ва ҳуқуқий давлатни шакллантиришнинг асоси. Илмий-амалий анжуман материаллари. -Тошкент: ТДЮИ, 2003,-Б. 94-99.

4.5. Аҳмедов Ғ., Сатторов А. Ўзбекистон: инсон ҳуқуқлари ва қонунлари. - Тошкент: Адолат, 1999. - 168 б.

4.6. Берекашвили Л.Ш. Обеспечение прав человека и законность в деятельности правоохранительных органов. - М: "Щит и М". 2000. - 164 с.

4.7. Бобоев Х.Б. ва бошқалар. Инсон ҳуқуқлари: Олий ўқув юртлари учун ўқув қўлланмаси. - Тошкент: Ўзбекистон, 1997. - 260 б.

4.8. Саидов А., Султонов С. Ўзбекистон Республикаси Конституцияси ва инсон ҳуқуқлари: Ўқув қўлланмаси. -Тошкент: Адолат, 1998. -178 б.

4.9. Зокиров С. Ҳуқуқий давлат ва фуқаролик жамияти сари. - Т.: Меҳнат, 1999.-120 б.

4.10. Исломов З.М. Инсон ҳуқуқлари ва ҳозирги замон юриспруденцияси. - Т.: ТДЮИ, 2008. - 150 б.;

4.11. Механизмы защиты прав человека в России: Доклад Комитета адвокатов по правам человека. - М.: Права человека, 1995. - 112 с.

4.12. Отахонов Ф.Х. Проблемы юридической службы органов управления Республики Узбекистан. -Т.: Адолат, 1993. - 170 б.

**5. Қосымша әдебиятлар**

5.1. Азизхўжаев А.А. Давлатчилик ва маънавият. - Тошкент: Шарқ, 1997.-112 б.

5.2. Отахонов Ф.Х. Юридик хизмат фаолиятини тартибга солувчи норматив-ҳуқуқий ҳужжатлар мониторинги. // Қонун ҳужжатлари мониторинги: назария ва амалиёт масалалари. Илмий-амалий семинар материаллари. -Тошкент: Ўзбекистон Республикаси Президенти ҳузуридаги Амалдаги қонун ҳужжатлари мониторинги институти, 2006. - Б. 101-106.

5.3. Рашидова С. Мониторинг законодательства в области обеспечения прав человека. // Қонун ҳужжатлари мониторинги: назария ва амалиёт масалалари. Илмий-амалий семинар материаллари. -Тошкент: Ўзбекистон Республикаси Президенти ҳузуридаги Амалдаги қонун ҳужжатлари мониторинги институти, 2006. - Б.291-296.

5.4. Рашидова С., Бакаева Ф. Ўзбекистон Республикасида инсон ҳуқуқлари ва эркинликларига риоя қилиш мониторинги тизимини ривожлантириш ва мустаҳкамлаш концепциясининг зарурлиги, ишланиши ва амалга оширилиши тўғрисида. / Инсон ҳуқуқлари мониторинги. - Тошкент: Ўзбекистон миллий энциклопедияси, 2004. - 160 б.

5.5. Рахимов Ф.Х. Конституциявий ҳуқуқларни таъминлашда давлат органларининг маъсулияти. -Тошкент: Маънавият, 2001. - 128.б.

5.6. Жалилов Ш.И. Кучли давлатдан - кучли жамият сари: тажриба,

таҳлил, амалиёт. -Тошкент: Ўзбекистон. 2001. - 160 б.

5.7. Сирожов Ф. Инсон ҳуқуқлари умумжахон декларациясига шарҳлар. -Тошкент; Адолат, 1999. - 80 б.

5.8. Хусанов О.Т. Фуқаролик жамиятини шакллантиришда Адлия органларининг иштироки (Конституциявий ҳуқуқ ва эркинликларни таъминлаш). // Ўзбекистонда фуқаролик жамиятини шакллантириш: муаммолар ва ечимлар. Илмий-амалий анжуман материаллари. -Тошкент: ТДЮИ, 2004.-Б. 36-41.

5.9. Саттаров А.Х. Теория прав человека и актуальные проблемы зашиты прав человека в деятельности органов внутренних дел.: Автореф. дис... доктора. юрид. наук. - Ташкент: Академия МВД, 2003. - 42 с.

5.10. Узакова Д.Х. Проблемы обеспечения прав человека в Республике Узбекистан: Автореф. дис. канд.полит.наук. - Ташкент: АГОС, 2000.-25 с.

5.11. Хамидова М.А. Гарантии прав и свобод человека в Республике Узбекистан (проблемы теории и практики).: Автореф. дис. канд. юрид. наук.- Ташкент, 2000. -21 с.